ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№20 (24.770) • 2025 гъэм мазаем (февралым) и 15, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



Сурэтхэр **Къарей Элинэ** трихащ.



# ЩIалэгъуалэр ягъэгушхуэ

**Мазаем и 13-м Налшык къалэм къыщызэIуахащ Кавказ Ищхъэрэм щынэхъ ин дыдэ ЩIалэгъуалэ унэр. 1980 гъэхэм яухуэу, Профсоюзхэм Щэнхабзэмк|э я унэу щытар зэрагъэпэщыжащ Щалэгъуалэм я Iуэхухэмк|э федеральнэ агентствэм (Росмолодёжым) «ЩIыналъэр зи щIалэгъуэхэм ейщ» Iуэхум хиубыдэу.**

ИДЖЫ Iуэхущ|ап|эр щIалэгъуалэм сыт и лъэныкъуэкIи зэрызауж ьынум тещIыхьауэ щытынущ. Абы хэтщ КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмк|э и министерствэр, «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэр, волонтёрхэм я центрыр, нэгъуэщI куэди. Ипэ дищынщи, къыхэдгъэщынщ Iуэхущ|ап|эм «арт-резиденцие» фIэщыгъэр къызэрыратар икIи федеральнэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэшхуэхэр абы дяпэкIэ зэрыщрагъэкIуэкIынур.

Унэр къыщызэIуахым хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек**, «Росмолодёжь» агентствэм и унафэщI **Гуров Григорий**, Урысейм и профсоюз щхьэхуитхэм я Федерацэм и президент **Шмаков Михаил**, Къэрэшей-Шэрджэсым, Ингушым, Дагъыстэным, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Ставрополь щIыналъэм я министерствэхэм, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, студентхэр, СВО-м и ветеранхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ. Псом япэ къихуэу, хьэщIэхэм ЩIалэгъуалэм я унэм зыщрагъэплъыхьащ.

Iуэхущ|ап|эм и пэIущIэ пэшым щагъэлъагъуэрт зи Iэдакъэщ|эк|хэр цIэрыIуэ хъуну хунэса дэрбзэрхэм, IэпэIэсэхэм я лэжьыгъэхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «Шишман», «МафIэдз», «Caucasus», «Munira» творческэ Iуэхущ|ап|эхэр. Абыхэм я лэжьыгъэхэм зыщагъэгъуэза нэужь, унэм хэт лъэщап|эхэм зыщаплъыхьащ. Къыхэгъэщыпхъэщ, къатищу зэтет унэм и зы плIанэпи къамыгъэсэбэпу къызэрамыгъэнар. ХьэщIэхэм ягъэщIэгъуащ Iуэхущ|ап|эм и щIыунэ нэгъунэ лъэщап|эхэр къызэрыщызэрагъэпэщыфар. Абыхэм щIалэгъуалэм зыщыхуагъэсэнущ макъамэ тхыным, ятIагъуэм, пхъэм, щэкIым хьэпшып гуэрхэр къыхэщIыкIыным.

ЕтIуанэ къатыр зи хэщIапIэ хъуахэм ящыщщ «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэр. Мыбдеж хьэщIэхэр щеплъащ зэрызыщIахъумэ хъыхэр дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм зэрыщыхуащIым. Апхуэдэ дерсхэр мы унэм дяпэкIэ щIэх-щIэхыурэ щекIуэкIынущ. «Волонтёрхэри щIалэгъуалэри жыджэру къыддоIэпыкъу зэрызыщIахъумэ хъыхэр зэIущэнымкIэ. 2023 гъэм мазаем и 25-м къыщыщIэдзауэ мы Iуэхум иужь дызэрихьэрэ метр зэбгъузэнатIэ мин 20-рэ 657-рэ IэкIэ зэрытхъащ (ар хъы 1136-рэ мэхъу) икIи зэуапIэм едгъэшэжащ. Мы зэманми абы пыдощэ», - яжриIащ хьэщIэхэм «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм Прохладнэ къалэм щиIэ къудамэм и унафэщI **Панфёровэ Светланэ**.

Ещанэ къатым «урегъэблагъэ» «ТекIуэныгъэм и блыным». Ар Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъу ягъэхьэзыращ. Пхъэ плъыжь плIимэ цIыкIуурэ зэхэт Бэракъ Плъыжьым и зэбгъузэнатIэ къэс Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ зы лIыхъужьым и зауэ гъуэгуанэ тетщ. Апхуэдэу абы къыщыхьащ цIыху 70-м ятеухуа тхыгъэ кIэщIхэр (33-р Совет Союзым и ЛIыхъужьщ, ЩIыхьым и орденым и нагъыщищри зыхуагъэфэщахэр 9 мэхъу).

Iуэхущ|ап|эр къызэрызэIуахым епхауэ ЩIалэгъуалэм я унэм зэхыхьэ зэмылIэужьыгъуэхэр щекIуэкIащ. Абдеж утыку къыщрахьащ Опрышкэ Олег «Территория мужества» и тхылъыр, ирагъэжьащ «ТекIуэныгъэм и щIэблэхэр» республикэ олимпиадэр. КъищынэмыщIауэ, «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэмрэ» «Росмолодёжь»-мрэ я дэIэпыкъуэгъукIэ ягъэзащIэ «ЛIыхъужьхэм я щIэблэ» Iуэхум хэтхэри зэхуэсащ.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

# Жылагъуэ советым и къалэныщIэхэр

**КъБР-м и Парламентым и Жылагъуэ советым и япэ зэIущIэ екIуэкIащ. Ар къыщызэIуихым, республикэм и хабзэубзыху Iуэхущ|ап|эм и УнафэщI Егоровэ Татьянэ жиIащ Жылагъуэ советым и Положенэм тету абы хэтынухэр зэрыхахар икIи КъБР-м и Парламентыр арэзы зэрытехъуар.**

ЕГОРОВЭМ къыхигъэщащ советым хагъэхьэнухэр иджы республикэм и хабзэубзыху Iуэхущ|ап|эм щыIэ политикэ партхэм я фракцэхэми Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ комитетми къагъэлъагъуэ зэрыхъур.

- КъБР-м и Парламентым и Жылагъуэ советым хэтхэр пщIэ зиIэ, лэжьыгъэшхуэ зи щIыбагъ къыдэлъ цIыхухэрщ. Шэч хэмылъу, абыхэм я зэфIэкIыр ди хабзэубзыху Iуэхущ|ап|эм щхьэпэнущ, - жиIащ **Егоровэ Татьянэ**. - Къэбгъэлъагъуэмэ, Жылагъуэ советым и къалэн нэхъыщхьэр ар чэнджэщэгъу хъунырщ, КъБР-м и Парламентымрэ цIыхубэмрэ я зэпыщIэныгъэр, къэпщытэныгъэ Iуэхухэр къызэригъэпэщынырщ. Еханэ зэхуэсыгъуэм дэлэжьа советым лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкIуэкIар къыхэзгъэщыну сыхуейт. Ар КъБР-м и Парламентым и комитетхэм купщIафIэу дэлэжьащ, республикэ законхэм я проектхэр щагъэхьэзырми къэпщытэныгъэхэр егъэкIуэкIын щыхуейми. Жылагъуэ советым и чэнджэщкIэ, республикэм и социально-экономикэ Iуэхухэм епхауэ (мэкъумэш IэнатIэм, фэтэр куэду зэхэт унэхэм, кIэрыхубжьэрыхум, цIыхухэм я узыншагъэр хъумэным ехьэлIауэ) кIэлъыплъыныгъэхэр едгъэкIуэкIащ. Дыщогугъ КъБР-м и Парламентым и ебланэ зэхуэсыгъуэм и Жылагъуэ советми и лэжьыгъэр жыджэру щытыну.

ЗэIущIэм зэдэарэзыуэ Жылагъуэ советым и унафэщIу щыхахыжащ Бечелов Ильяс. Егоровэ Татьянэ жиIащ КъБР-м и Парламентым и япэ, етIуанэ, ещанэ зэхуэсыгъуэхэм я депутату щыта Бечеловыр сыт щыгъуи и Iуэхум фIыуэ хищIыкIыу къызэрыгъуэгурыкIуэр, дяпэкIи абы и зэфIэкIыр къащхьэпэну къызэрилъытэр.

**Бечелов Ильяс** жиIащ КъБР-м и Парламентыр и Iуэху зехьэкIэкIэ нэхъ пашэхэм сыт щыгъуи зэращыщыр икIи зи дзыхь къезыгъэзахэм фIыщIэ зэрахуищIыр. «Жэуаплыныгъэ зыпылъщ Жылагъуэ советым и лэжьыгъэр. Iуэхугъуэ куэд къытпэщылъщ кIэлъыплъыныгъэхэр къызэгъэпэщыным, КъБР-м и Парламентыр жылагъуэ Iуэхущ|ап|эхэм зэрадэлажьэр егъэфIэкIуэным теухуауэ».



ЗэIущIэм щыхахащ Жылагъуэ советым и унафэщIым и къуэдзэхэри. Ахэр КъБР-м и Парламентым и етхуанэ, еханэ зэхуэсыгъуэхэм я депутату щыта, Налшык къалэм и лицей №2-м и унафэщI **Пешковэ Людмилэрэ** республикэм и хабзэубзыху Iуэхущ|ап|эм и япэ, етIуанэ, етхуанэ зэхуэсыгъуэхэм я депутату щыта **Гугу Владимиррэщ**.

КъищынэмыщIауэ, КъБР-м и Парламентым и Жылагъуэ советым и комиссэу щы къызэрагъэпэщащ, социальнэ, экономикэ Iуэхухэм, законодательствэм епхауэ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Пщэрылъхэм ятеухуауэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ федеральнэ агентствэм и унафэщI Гуров Григорийрэ Правительствэм и Унэм зэIущIэ щрагъэкIуэкIащ, Дагъыстэн, Ингуш, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Осетие Ищхъэрэ – Алание, Шэшэн республикэхэм, Ставрополь крайм щIалэгъуалэ политикэмкIэ я къэрал къулыкъущIапIэхэм я унафэщIхэр хэту**.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ ди Президент Путин Владимир щIалэгъуалэм я Iуэхухэм ятеухуауэ къигъэлъэгъуа пщэрылъхэр зэрагъэзэщIэнум, УФ-м ШынагъуэншагъэмкIэ и Советым и УнафэщI Шойгу Сергей, къэрал УнафэщIым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ Чайкэ Юрий кърихьэлIэу, иригъэкIуэкIа зэIущIэм кърикIуахэм. Апхуэдэу и гугъу ящIащ иджырей жылагъуэм дызыщрихьэлIэ Iуэху мыщхьэпэхэмрэ шынагъуэхэмрэ сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ зэрыщахъумэным теухуауэ лэжьыгъэр къызэрызэрагъэпэщыну щIыкIэм.

# ЩIалэгъуалэр ягъэгушхуэ

(ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

2025 гъэм ТекIуэныгъэр къызэрытхьрэ илъэс 80 зэрырикъуну къэлъытауэ, Iуэхугъуэшхуэр къызэIуахащ «ТекIуэныгъэм и вальскIэ». Псэр игъэпIейтейуэ ныбжьыщIэхэм къафэр дахэу ягъэзэщIащ, я адэшхуэхэм я сурэтхэр Iэтауэ къыщрахьэм, лIыхъужьхэр зыщагъэгъупщэ зэрымыхъунур ину зэдыжаIащ.

КIуэкIуэ Казбек хьэщIэхэм фIыщIэ яхуищIащ къазэрыхуеблэгъам папщIэ. «Ди республикэм дежкIэ нобэ дызыхэт Iуэхум мыхьэнэшхуэ иIэщ. Ди щIалэгъуалэм мыпхуэдэ IуэхущIапIэ щхьэпэ къахузэIутхыныр ди къалэн нэхъыщхьэт, сыту жыпIэмэ ди къэкIуэнур ахэращ зэлъытар, - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм. - ЗэрыфщIэщи, УФ-м и Президентым игъэбелджыла пщэрылъкIэ, мы зэманым къэралыр йогугъу щIалэгъуалэм защIэгъэкъуэным, ар гъэсэным. Мыбдеж къыхэгъэщын хуейуэ къызолъытэ абы и лъэныкъуэкIэ «Росмолодёжь» IуэхущIапIэм куэд зэрызэфIигъэкIыр. Дыщогугъ гугъуехьхэр щIалэгъуалэм я ехъулIэныгъэхэмкIэ ягъэпэжыжыну. Ди щIэблэр губзыгъэщ, Iущщ, жэрдэм гъэщIэгъуэн куэд къызэкъуах. Ахэр хахуэщ, тегушхуи яIэщ. Ахэращ ди адэжьхэм я лIыгъэм и фэеплъыр къэкIуэнум тхуэзыхъумэнур, къыкIэлъыкIуэ щIэблэми Хэку лъагъуныгъэр зищIысыр яжезыIэфынур. Ар мыхьэнэшхуэ зиIэщ, дызыхэт зэманыр зыхуэдэм уеплъмэ. Республикэм ис щIалэгъуалэм сынывохъуэхъу. Иджы дэтхэнэми Iэмалыфl фиIэщ фи зэфIэкIым хэвгъэхъуэну. АдэкIи дыхущIэкъунущ ди щIэблэм я мурадхэр зэрадэтIыгъынум».

КъБР-м и Iэтащхьэр гъунэгъу республикэхэм къикIахэми ехъуэхъуащ я щIыналъэхэр ефIэкIуэну, я мурадхэр къехъулIэну.

Гуров Григорий къызэхуэсахэм защыхуигъазэм жиIащ IуэхущIапIэр щалъэгъуам зэритхьэкъуар, ар къызыхуэтыншэу, зэманым декIуу къызэрызэгъэпэщар. «Кавказ Ищхъэрэм щIалэгъуалэ центр нэхъ ин дыдэу итыр мыращ. Дэ езым нэрылъагъу зэрытщыхъуащи, щIалэгъуалэм зэрызаужьыну, цIыху хэтыкIэм хуэзыгъэхьэзырыну псори мыбдеж абыхэм щагъуэтынущ. IуэхущIапIэр екIу хъуащ, ауэ мыбдеж щынэхъыщхьэр, шэч хэмылъу, езы щIалэгъуалэращ. КIуэкIуэ Казбек зэрыжиIащи, ди къэралым нобэ гулъытэ хэха хуещI щIалэгъуалэм я Iуэхур зэрефIэкIуэнум. Дэ ди къалэныр а фи гъуэгуанэм мыпхуэдэу дэIэпыкъуэгъу дыщыфхуэхъунырщи, сригуфIащ къэралым и къэкIуэнур нэхъ дахэ зыщIыну зи нэ къикI щIалэгъуалэ Къэбэрдей-Балъкъэрым куэду зэриIэм, - жиIэщ хьэщIэм.

- Профсоюзхэм ЩэнхабзэмкIэ я унэр республикэм ис щIалэгъуалэм еттыным дыщытепсэлъыхьым, шэч къытетхьакъым ар зэрыIуэхуфIым. Фэращ республикэм, къэралым и къэкIуэнур. Си фIэщ мэхъу мыбдеж дэтхэнэми фхуэщхьэпэн зэрыщывгъуэтынур, мы унэр фи гупсысэ хьэлэмэтхэмкIэ, хъуэпсапIэхэмрэ мурадхэмкIэ, щIэныгъэ IуэхухэмкIэ зэрыфхуэгъэнщIынур, - къыхигъэщащ Шмаков Михаили.

Пшыхьым артист ныбжьыщIэхэми къэфакIуэ гупхэми я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ, къызэхуэсахэм я гукъыдэжыр къаIэту.

**БАГЪЭТЫР Луизэ**.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ*

# Я къэкIуэнур дахэ ирехъу!

**КIуэкIуэ Казбек «Урысейм и щIалэгъуалэ» зэгухьэныгъэм и унафэщI Гуров Григорий и гъусэу, Май районым щIалэгъуалэм папщIэ центр къыщызэIуихащ мазаем и 13-м**.

ДАУЭДАПЩЭМ хэтащ КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Лу Азэмэт, Май районым и администрацэм и унафэщI Саенкэ Татьянэ, щIыпIэ самоуправленэхэм я лIыкIуэхэр, цIыхубэ лэжьакIуэхэр, юнармейцхэр.

КIуэкIуэ Казбекрэ Гуров Григорийрэ майкъалэдэсхэм ехъуэхъуащ ЩIалэгъуалэм папщIэ центр къызэрызэIуахам папщIэ.

- Президентым и унафэм ипкъ иткIэ, нобэ щIалэгъуалэм зыузэщIыпIэ куэд ягъуэт. Ди нэкIэ долъагъу Къэбэрдей-Балъкъэрым а Iэмалым зэрызыщиубгъур. ДяпэкIи а Iуэхум пытщэнущ, ди щIалэхэм къызыхуигъэщIа IэщIагъэр къагъуэтыжу, гъуэгу яIэн хуэдэу. ЕхъулIэныгъэ фи куэду фыпсэуну гурэ псэкIэ сынывохъуэхъу, къэкIуэну дахэ фиIэну си гуапэщ. Фэ фи къэкIуэнур дахэмэ, ди къэралым и пщэдейри махуэри дахэнущ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек, къызэхуэсахэм защыхуигъазэм.

ЕкIуэкI дауэдапщэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр и псалъэм къыщыхигъэщащ Гуров Григорий:

- Фи республикэм щекIуэкI IуэхуфI псори зы гуп зэкъуэтым зэригъэзащIэр нэрылъагъущ. ЩIалэгъуалэр зэкIуэлIэну щIыпIэхэр нэхъыбэ хъуху, ахэр дзэ Iуэху хэхам хэт ди зауэлIхэм ядэIэпыкъуу аращ, - дэтхэнэ зыми и унэр еухуэ. Псоми фIыщIэ фхузощI.

КъызэIуаха центрым унэтIыныгъэ нэхъыщхьэу иIэнухэм ящыщщ къэзакъ щэнхабзэм зегъэужьыныр, IэщIагъэ къыхахынымкIэ ядэIэпыкъуныр. Къэралым щылажьэ «ЩIалэгъуалэм я щIыналъэ» проектым къыхэкI мылъкумкIэ «Росмолодежь» зэгухьэныгъэм закъыщIигъэкъуэнущ мы IуэхущIапIэм.

ЩIалэгъуалэм папщIэ центрым хухахащ метр зэбгъузэнатIэу 270-м нэс хъу пэш, администрацэм и унэм и япэ къатым хэту. Мыбы конференц-зал хэтщ, иджырей Iэмэпсымэхэр щIэтщ, дэтхэнэ зыми дэзыхьэх лъэныкъуэм зыщиузэщIыфынущ. КъекIуалэ щIалэгъуалэм зэхуэзапIэ, уэршэрыпIэ яIэнущ.




* * *

А махуэ дыдэм КIуэкIуэ Казбекрэ Гуров Григорийрэ ЩIалэгъуалэм папщIэ иджыри зы центр Тырныауз къыщызэIуахащ. Абы нэхърэ нэхъ лъагэ къэралым иткъым. Мыр зыхуэунэтIауэ щытынур туристлъахэхутэ лъэныкъуэрщ. Унэм щIэсынущ районым и Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм щыщхэр, щIалэгъуалэ туризмэмкIэ центрым щылажьэхэр, абы хэтщ творческэ лъэщапIэхэр, уэршэрыпIэ-зыгъэпсэхупIэхэр.

Тырныауз центрым и къызэIухыгъуэр хуэзащ Iуащхьэмахуэ и къухьэпIэ щыгур нэмыцэзэрыпхъуакIуэхэмкъыщыIэщIагъэкIыжа махуэм. Илъэс 82-рэ ипэкIэ, Кавказыр хуит къыщащIыжа зауэзэрылIым и зы Iыхьэу, метр 5642-рэ зи лъагагъ Iуащхьэм СССР-м и Къэрал ныпыр щыхатIауэ щытащ. Совет сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ зэрахьа лIыгъэм и дамыгъэу, щIалэгъуалэм альпинистхэм тыгъэ хуащIащ ТекIуэныгъэм, УФ-м, Къэбэрдей-Балъкъэрым, «Росмолодежь» зэгухьэныгъэм я ныпхэр, щыгум драхьеин хуэдэу.

КIуэкIуэ Казбек и телеграм напэкIуэцIым мы Iуэхум щытепсэлъыхьыжащ. «Фигу къэзгъэкIыжынщ, - итхащ Iэтащхьэм, - 1943 гъэм совет сэлэт-альпинист 20, Гусев Александррэ Гусак Николайрэ я пашэу, «ПщыкIузым я хэщIапIэ» жыхуаIэ, Iуащхьэмахуэ пэгъунэгъу Iуащхьэ ныкъуэкъутэм дэкIуеяуэ зэрыщытар. Мазаем и 13-м гугъуехьышхуэ пылъу, щIыIэм иукIыу, ахэр бгым и къухьэпIэ къуапэм дэкIуейщ, нэмыцэ фашистхэм я ныпыр кърадзыхыжри, СССР-м и ныпыр трагъэувауэ щытащ. Мазаем и 17-м ар къуапэ ижьми драхьеящ. А зауэзэрылIым и щIыхькIэ метр 3800-рэ зи лъагагъ бгым деж «Iуащхьэмахуэ лъапэ зыхъума лIыхъужьхэм папщIэ» фэеплъ ягъэуващ. Гу лъытапхъэщ абы и щIыбагъым тетхами: «Фэеплъыр Жэпуэгъуэ революцэм и цIэр зэрихьэу, Луганск тепловоз щаухуэу дэт заводым и комсомолецхэм ящIащ, 1987 гъэм накъыгъэм и 9-м туристхэмрэ альпинистхэмрэ ягъэуващ». А фэеплъым нобэ республикэм щыщхэри ди къэралышхуэм къикIа хьэщIэхэри йокIуалIэ».

КIуэкIуэ Казбек щIалэгъуалэм ядэуэршэращ, зэлэжьын хуей лъэныкъуэхэм тепсэлъыхьащ. Нэхъыбэу гу зылъытапхъэу къалъытар щIалэгъуалэ туризмэм зегъэужьынырщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым а Iуэхугъуэр икIи Хэку зауэшхуэм щепхащ. «ЩIалэгъуалэ гупхэм щIэх-щIэхыурэ къыщакIухь лIыхъужьыгъэ щызэрахьа, дзэм и тхыдэм епха щIыпIэхэм. Iуащхьэмахуэ щIалэгъуалэ центрым а лэжьыгъэр нэхъри зэрыригъэфIэкIуэнум шэч къытесхьэркъым», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.



# Дэфтэрхэм хоплъэ

**КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и Президиумым и зи чэзу зэIущIэр иригъэкIуэкIащ**.

ДЕПУТАТХЭМ унафэ ящIащ КъБР-м и Парламентым и зэIущIэ къыкIэлъыкIуэр мазаем и 27-м ирагъэкIуэкIыну.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ «КъБР-м творческэ индустрием зыщегъэужьыным теухуауэ» республикэ законым. Ар ягъэхьэзыращ «УФ-м творческэ индустрием зыщегъэужьыным теухуауэ» ФЗ №330-м тету. Дэфтэрым егъэбелджылы лэжьыгъэр къызэрызэрагъэпэщыпхъэри къэралыр абы ехьэлIауэ дэIэпыкъуэгъу зэрыхъуну Iэмалхэри. КъБР-м и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, зыужьыныгъэмкIэ, туризмэмрэ хьэрычэт IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Iэпщэ Заур жиIащ КъБР-м и Правительствэмрэ щIыналъэ унафэщIхэмрэ я пщэрылъхэмрэ законопроектым зэрыщагъэбелджылыр.

Депутатхэр хэплъащ «ЩакIуэ Iуэхур зэрызэфIахым ехьэлIауэ» КъБР-м и законым и етIуанэ Iыхьэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» законопроектым. Абы ипкъ иткIэ, щIыналъэ унафэщIхэм пщэрылъ щащI щэкIуэным епха мардэхэмрэ хабзэхэмрэ зэращIэр къапщытэныр, хэзыгъэгъуазэ Iуэхухэр ирагъэкIуэкIыныр.

Законопроектхэм теухуауэ я Iуэху еплъыкIэхэр къагъэлъэгъуэну дэфтэрхэр зыхуэфащэ IуэхущIапIэхэм иратащ.

КъищынэмыщIауэ, депутатхэр тепсэлъыхьащ «КъБР-м и Парламентым и комитетхэм я гъэпсыкIэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и Парламентым и унафэм.

ЗэIущIэм щыхэплъащ гъуэгу шынагъуэншагъэм, щэкIуэным теухуа федеральнэ законопроектхэми. Депутатхэр тепсэлъыхьащ сим-картэ куэд цIыхум къызэригъэсэбэпыр гъэмэщIэным и IуэхукIэ Орлов щIыналъэм и цIыхубэ депутатхэм я Советым УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм зэрызыхуигъэзам. Депутатхэм ар яфIэкъабыл хъуащ, технологие IэмалхэмкIэ ялэжь щIэпхъаджагъэхэм зэрапэщIэт щIыкIэм ящыщ хъуну къалъытэри.

ЗэIущIэм щагъэбелджылащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм, хабзэхъумэ IэнатIэ Iутхэм, егъэджэныгъэм пыщIахэм ящыщ зыбжанэм КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъ зэрыратынур.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*



80
ТЕКІУЭНЫГЪЭ

# Дзэ щІыхьым и къалэ

**Гъэ къэс, ТекІуэныгъэм и махуэшхуэм зыщыхуагъэхьэзыркІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм Хэку зауэшхуэр зылъэІэса и щІыпІэхэм щыІэ фэеплъхэр зыхуей хуагъазэ. Сыт хуэдиз хъууэ пІэрэ ди республикэ мыиным апхуэдэу диІэр?! Мэлбахъуэ Тиморэ и цІэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм и лэжьакІуэхэм къызэрахутамкІэ, ахэр 262-рэ мэхъу. Илъэситху и пэ, абыхэм ягъэзэщІащ «Фэеплъымрэ щІыхьымрэ уахътыншэщ» зи фІэщыгъэ Іуэхур. Абы ипкъ иткІэ зэхуахьэсыжащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Хэку зауэшхуэм и фэеплъу итхэм ятеухуауэ республикэм и газетхэм къытехуауэ щытахэри.**

ЗЭРЫТЩІЭЩИ, ди щІыналъэм и дэтхэнэ къуажэми Хэку зауэшхуэм и фэеплъ дэтщ: языныкъуэхэм зауэлІхэм я кхъащхьэхэм деж ахэр щаухуащ, зыщІыпІэхэми скульптурэ лэжьыгъэшхуэхэр щыІэщ. Жылэдэсхэр, дауи, щыгъуазэщ я къуажэм дэт фэеплъым и тхыдэм, ар щІагъэувам, зыхуагъэувам, ауэ республикэм нэгъуэщІ и щІыналъэхэм щыІэ псоми апхуэдэу хэтщІыкІыу пІэрэ?! Шэч къытыдохьэ. Иджыблагъэ «ТекІуэныгъэм и фэеплъхэр» фІэщыгъэм щІэту, ди республикэм ит фэеплъхэм я тхыдэм дытетхыхьу едгъэжьащи, газетым и къыдэкІыгъуэхэм тетынущ абыхэм фыщызыгъэгъуазэ тхыгъэхэр. Сыт хуэдэ къалэн абыкІэ зыхуэдгъэувыжыр жытІэмэ, щІэблэм ахэр ящІэн, ялъытэн зэрыхуейрщ. Нобэ и гугъу фхуэтщІыну дыхуейт Налшык къалэм и Дэшхуей хадэм 2015 гъэм накъыгъэм и 8-м къыщызэІуахауэ щыта «Дзэ щІыхьым и къалэ» фэеплъым. Ар ди щыхьэрым «Дзэ щІыхьым и къалэ» цІэ лъапІэр къызэрыфІащам и щІыхькІэ ягъэуват.

Хэку зауэшхуэм и зэманым зэрыпхъуакІуэхэр Кавказым къыщизэрыхьым, зэхэуэ гуащІэхэр щекІуэкІа щІыпІэхэм ящыщщ Налшыки. 1942 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м бийм ди къалащхьэр иубыдами, абы хузэфІэкІатэкъым Грознэрэ Бакурэ я щІыдагъэхэр зыІэрагъэхьэн мурадкІэ кІуэцІрыкІыну икІи 1943 гъэм щІышылэм и 4-м къалэм дахужат.

Кавказ псом щыяпэу Налшык щызэщІагъэуІуауэ щытащ 115-нэ шуудзэ цІэрыІуэр, Сталинград зыхъумахэм яхэтар. Апхуэдэуи ди щыхьэрыр жыджэру хэтащ советыдзэхэр Іэщэрэ шхынкІэ къызэгъэпэщыным. ЗэратхыжымкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Налшык къалэмрэ зэуапІэм иратыфащ шы мин 27-рэ щІакІуэрэ джэдыгуу шуудзитІ зрикъунрэ. 1941 гъэм и гъэмахуэм щегъэжьауэ Налшык сымаджэщ 12 къыщызэІуахат. 1942 гъэм и бжьыхьэ пщІондэ республикэм и сымаджэщхэм щагъэхъужащ уІэгъэ хъуа зауэлІ мин 60-м щІигъу.

СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм 1985 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкІа Унафэ №446-м ипкъ иткІэ, Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм къалэм щыпсэухэм къагъэлъэгъуа лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщІэ, Налшык къыхуагъэфэщащ Хэку зауэшхуэм и орденым и япэ нагъыщэр.

2006 гъэм «Дзэ щІыхьым и къалэ» цІэ лъапІэр ягъэувыа нэужь, Хэку зауэшхуэм хэта Полищук Иван и псалъэ жиІащ Налшык а фІэщыгъэр фІэпщыну зэрыхуэфащэм теухуауэ. Ветеранхэми, республикэм и депутатхэми, унафэщІхэми а жэрдэмыр даІыгъащ икІи Урысей Федерацэм и Президентым и Указ №340-мкІэ, 2010 гъэм гъатхэпэм и 25-м Налшык дзэ щІыхьым и къалэу къалъытащ. Дамыгъэм щыхьэт техъуэ тхылъыр Москва Кремлым и Екатеринэ пэшым къыщыщратыжым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэу абы щыІат, а зэманым республикэм и Президент къулыкъур зыІыгъа Къанокъуэ Арсен, Налшык къалэм и щІыпІэ администрацэм и унафэщІу щыта Хьэгъасэ Залымджэрий, Налшык къалэм щІыпІэ унафэр зезыхьэ и советым и унафэщІ Муравьёв Игорь, Налшык къалэм и Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Абдулаев Мустэфа, Хэку зауэшхуэм и ветеран Полищук Иван, нэгъуэщІхэри.

2006 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м УФ-м и Президентым и унафэкІэ, «Дзэ щІыхьым и къалэ» цІэ лъапІэр зыфІаща дэтхэнэ къалэми а Іуэхум теухуауэ стелэ щагъэув. Фэеплъым и ухуэныгъэр зыгъэбелджылыр «ТекІуэныгъэ» Урысей къызэгъэпэщакІуэ комитетырт. Абы иригъэкІуэкІа урысейпсо зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ, 2008 гъэм арэзы техъуащ Урысейм щІыхь зиІэ и архитектор Воскресенский И. Н, Ишкильдинэ Г. А., Перфильев В. В, Урысейм и цІыхубэ сурэтыщІ Щербаков С. А. сымэ я проектым. Налшык къалэм фэеплъыр щагъэувыну щыпІэмкІэ щызэчэнджэщым, къытеувыІащ Дэшхуей хадэм нэхъ пасэм псыутх здэщытам деж щагъэувыну. Хэку зауэшхуэм текІуэныгъэ къызэрыщытхьрэ илъэс 70 щрикъум абдеж цІыхушхуэ къыщызэхуэсат. Ухуэныгъэр къызэІуихыну хуагъэфэщащ а зэманым Урысей Федерацэм и Президентым и лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІа Меликов С. А, КъБР-м и Іэтащхьэу щыта КІуэкІуэ Юрэ сымэ.

ЛІыгъэмрэ щІыхьымрэ я дамыгъэщ мывэкъыр плъыжькІэ ящІа фэеплъыр. Абы метр 12,5-рэ и лъагагъщ. И щхьэ дыдэм жэзым къыхэщІыкІауэ Урысейм и гербыр тетщ, и лъабжьэм - УФ-м и Президентым и Унафэр, «Налшык Дзэ щІыхьым и къалэ» цІэр къызэрыфІащар. Стелэм и щІыбагъымкІэ Налшык и гербыр тетщ, ибгъухэмкІэ Хэку зауэшхуэм и орденым и япэ нагъыщэм и сурэтыр тращІыхьащ. Проектым къыщыгъэлъэгъуауэ щытащ мывэкъыр пкъохэр стелэм и къуапиплІымкІэ щагъэувыну, ауэ Налшык ахэр щащІакъым (апхуэдэ унафэ къыщащтат Козельск къалэми). Абы лъандэрэ Дэшхуей жыг хадэм Іуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр щокІуэкІ, Къалэм, Хэкум и хъумакІуэм, ТекІуэныгъэм я махуэшхуэхэм теухуауэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ мы Іуэхури: 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м Урысейм и Банк Нэхъыщхьэм къыдигъэкІауэ щытащ «Налшык дзэ щІыхьым и къалэу» зэрыщытыр зытет соми 10-р. НэгъуэщІ зы дамыгъэ лъапІи Налшык кърататщ 2022 гъэм мэкъуауэгъуэм и 9-м. Ар ТекІуэныгъэм и джатэрщ. Златоуст щащІа хьэпшыпым дыщэ тегъэлъэдащ. ЦІыхубэм ТекІуэныгъэм щІата лъыгъажэр къригъэлъагъуэу абы хэщІыхьащ мывэ лъапІэ плъыжьфІыцІафэхэр. Гугъэ уигъэщІыжу, мамырыгъэм и нэщэнэу къалъытэ щхъуантІэ плъыфэри джатэм халъхьащ. Ар метр 1,2-рэ мэхъу, и хьэлъагъыр килограммитхум щІегъу. Абы и къум къыхэІущІыкІащ Невский Александр и псалъэхэр: «Джатэ зыІыгъыу къытхуэкІуэр абы текІуэдэжынщ».

Нэхъ ипэкІи, 2015 гъэм и мэлыжьыхьым, къалэ-лІыхъужьхэм иратат ТекІуэныгъэм и джатэхэр. 1985 гъэм Налшык къратауэ щыта Хэку зауэшхуэм и орденым и япэ нагъыщэм и гъусэу, ахэр щахъумэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ музейм.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**




## Трошевэ Надеждэ Михаил и пхъур



Дунейм ехыжащ тылым и лэжьакІуэшхуэ, Урысейм и ЛІыхъужь, генерал-полковник Трошев Геннадий и анэ Трошевэ (Антоненкэ) Надеждэ Михаил и пхъур.

Ар 1925 гъэм мазаем и 12-м Шэшэн-Ингуш АССР-м, Грознэ къалэм дэса тэрч къэзакъ унагъуэм къыщалъхуащ. Бынитху къыщыхъуа унагъуэм къыхэкІа хъыджэбзыр 1941 гъэм, курыт еджапІэм щІэсу, комсомолым хыхьащ. Хэку Зауэшхуэм и лъэхъэнэм Грознэ къалэм дэс лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэм ящыщ цІыхубэм ящІыгъуу къалэ гъунэр зыхъумахэм яхэтащ, ар бийм кърагъэщтакъым. 1942 гъэм, школ нэужьым, Надеждэ лэжьыгъэ фронтым пэрагъэхьащ окопэхэр къитІу, куэд и нэгу щІэкІащ. Абы къыхуагъэфэщащ къэрал дамыгъэ куэд.

1943 гъэм Грознэ къалэм Надеждэ щыхуэзащ щхьэгъусэ хуэхъуа ВВС РККА-м и курсант Трошев Николай. 1944 гъэм еджапІэр къызэриухыу, Николай фронтым Іухьащ. Бзылъхугъэр къыщалъхуа къалэм къыдэнащ, танкхэмрэ нэгъуэщІ Іэщэхэмрэ щащІ заводым уври, зауэр иухыху абы щылэжьащ.

Николайрэ Надеждэрэ 1946 гъэм Германием щызэрышащ. Зауэ нэужьым Николай дзэм къулыкъу щищІащ Берлин авиацэ полкым. Абы 1947 гъэм гъатхэпэм и 14-м къыщалъхуащ зэщхьэгъусэхэм я къуэ Геннадий, Урысейм и ЛІыхъужь хъуар. Абы иужь иджыри пхъуищ къихъуащ унагъуэм.

1965 гъэм Николай дунейм ехыжащ. Илъэс 40 фІэкІа и мыныбжьу фызабэ хъуа Надеждэ и закъуэу къигъэхъуащ и бынхэр. Ар пощтым, тыкуэным, шхапІэм, аптекэм, щІакхъуэгъэжьапІэм щылэжьащ. 80 гъэхэм и кІэухым, 90 гъэхэм я пэщІэдзэм Налшык къалэ и аэрофлотым щыІащ. Псэемыблэжу ІэнатІэм зэрыпэрытам щхьэкІэ, щІыхь тхылъхэр къыхуагъэфэщащ. И ныбжьыр нэсу зыгъэпсэхугъуэ пІалъэм тІысыжа нэужь, и къуэрылъху-пхъурылъхуи 6-м и нэІэ ятригъэтащ, итІанэ абыхэм къалъхужа щІэблэу 7, абыхэм къащІэхъуауэ тІу илъэгъуащ. Ахэр псори и псалъэ Іущым щІэтащ.

Надеждэ гъащІэ гугъу, ауэ дахэ къызэринэкІащ. БыныфІ игъэсащ, я Хэкум хуэпэжу, и гуащІэ хилъхьащ ТекІуэныгъэ Иным. ГъащІэ мытынш къэзыгъэщІа бзылъхугъэ гуащІафІэм и фэеплъ нэхур иджыри куэдрэ дигу илъынущ.

***Налшык къалэм и щІыпІэ администрацэ Зауэм, Лэжьыгъэм, ІэщэкІэ ЗэщІэуззэда Къарухэм, хабзэхъумэ ІэнатІэм я лэжьакІуэхэм я Налшык къалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ.***

## Мы махуэхэм

**Мазаем и 15,**
*щэбэт*

**♦Лыщх узыфэр зэфыкІ сабийхэм ядэІэпыкъуным и дунейпсо махуэщ**

**♦Урысей Федерацэм щагъэлъапІэ зи къалэн зыгъэзащІэу нэгъуэщІ къэралхэм щыхэкІуэда зауэлІхэм я фэеплъ махуэр**

**♦1960 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым и Композиторхэм я зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

**♦1932 гъэм** къалъхуащ япэ адыгэ сурэтыщ-скульптор **Къалмыкъ Фёдор**.

**♦1940 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБР-мрэ КъШР-мрэ щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Зумакулов Борис**.

**♦1949 гъэм** къалъхуащ жылагъуэ лэжьакІуэ, публицист, ЩІДАА-м и член-корреспондент, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Котляровэ Марие**.

**♦1951 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Шыдакъ Рашид**.

**♦1954 гъэм** къалъхуащ Налшык къалэм дэт поликfinikэ №1-м и дохутыр нэхъыщхьэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и дохутыр **Къаскъул Іэулият**.

**♦1970 гъэм** къалъхуащ Израилым щыпсэу адыгэхэм ящыщ, щІэныгъэхэмкІэ доктор, Кавказымрэ Шэрджэс щІыналъэмрэ ятеухуа тхыгъэхэр зи Іэдакъэ къыщІэкІа **Хъун Яхья**.

<u>**Дунейм и щытыкІэнур**</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэфІу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 7 - 10, жэщым щІыІэр 1 градус щыхъунущ.

**Мазаем и 16,**
*тхьэмахуэ*

**♦УФ-м и Дзэ-Тенджыз флотым и тІасхъэщІэххэм я махуэщ**

**♦1956 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ кандидат, ЩІДАА-м и член-корреспондент, жылагъуэ лэжьакІуэ **Болэ Ильзитэ**.

<u>**Дунейм и щытыкІэнур**</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэс къыщесынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 4, жэщым щІыІэр градуси 3 - 1 щыхъунущ.

**Мазаем и 17,**
*блыщхьэ*

**♦ХъыбарыщІэхэр зегъэкІуэным и дунейпсо махуэщ**

**♦ГумащІагъэр къэгъэлъэгъуэным и дунейпсо махуэщ**

**♦1923 гъэм** къалъхуащ экономикэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академик **Къумахуэ Башир**.

**♦1958 гъэм** къалъхуащ журналист, КъБР-м и Правительствэм и саугъэтыр зыхуагъэфэща, Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и журналист **Хьэгъундокъуэ Сэлисэт**.

<u>**Дунейм и щытыкІэнур**</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэс къыщесынущ. ЩІыІэр махуэм градуси 3, жэщым градуси 5 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ**.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

**Уи анэ къыбжиІэ едаІуи, уи адэ къыбжиІэ гъэзащІэ.**

● ДифI догъэлъапIэ

# Зэманым декIу лIыфI

**Парт, къэрал лэжьакIуэ цIэрыIуэ, ЦIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ Зумакулов Борис и ныбжьыр илъэс 85-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ абы и ныбжьэгъухэу, жылагъуэ-политикэ лэжьакIуэхэу Нэхущ Заурбий, Туменов Мурадин, журналист Къудей Владимир сымэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм къагъэхьа тхыгъэр ди гуапэу тыдодзэ.**



«Илъэс бжыгъэ куэд хъуауэ къэрал IэнатIэхэм пэрытщ Зумакулов Борис. А илъэсхэм абы и IуэхущIафэхэмкIэ, дуней тетыкIэмкIэ, Iулыджымкiэ жылагъуэм я гупсысэр иунэтIу къогъуэгурыкIуэ жыпIэмэ, ущыуэнукъым.

1957 гъэм Налшык къалэм дэт 4-нэ курыт еджапIэм классипщIыр къыщиухащ Борис икIи Педагогикэ училищэм щIэтIысхьащ, адэкIэ и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта нэужь, занщIэу жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ комсомол лэжьыгъэм пэрагъэуващ ар.

1962 гъэм Комсомолым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретару, зы илъэс дэкIри, япэ секретару хахащ. Абы щыгъуэм илъэс 23-м иту арат щIалэр. Апхуэдиз ныбжь фIэкIа имыIэу жылагъуэ зэгухьэныгъэ нэхъ ин дыдэм и пашэ хъуныр, дауи, япэ къэсым хузэфIэкIыркъым. Ар а IэнатIэм щыпэрыувам ди республикэр хуабжьу хуэныкъуэт цIыхухэм ядэлэжьэфын, Iуэхум кууэ хэзыщIыкI, зыпэрыхьар и кIэм нэзыгъэсыф балъкъэр IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэм. Абы щыгъуэми, и IэщIагъэми, щIэныгъэми зэпымычу хэзыгъахъуэ IэщIагъэлIт къалъыхъуэр. Апхуэдэ хьэлIыфIхэр: нэхъыбэ зэгъэщIэныр, зыIэригъэхьам нэхърэ нэхъыбэжым хущIэкъуныр, псоми зэхуэдэ гулъытэ яхуищIыфу, епсэлъэфу щытыныр Борис езым хэлъыххэт.

1971 гъэм абы къиухащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и аспирантурэр икIи тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат лэжьыгъэр пхигъэкIащ.

Республикэм сыт хуэдэ Iуэхугъуэ къыщыхъуми щыгъуазэт Зумакуловыр, абы ицIыхурт лэжьакIуэ гупхэр. Зыпэрыт Iуэхур къызыхуэтыншэу игъэзащIэ къудейтэкъым, атIэ къыдэлажьэхэри и гупсысэкIэм къытришэфырт.

И щIалэгъуэ лъандэрэ ар адрейхэм къащхьэщыкIырт къэрал гупсысэкIэ зэриIэмкIэ, ныбжьэгъугъэр зэригъэлъапIэмкIэ. Абыхэм ятеухуауэ къаруи зэмани ущысхь хъунукъым, щхьэхуещагъэ хэплъхьэнри къезэгъыркъым, жыхуиIэ къыхуеджэныгъэм щIэту мэпсэу ар.

1972 гъэм и щIышылэм щегъэжьауэ Зумакуловыр ВЛКСМ-м и ЦК-м и аппаратым ягъэкIуащ, илъэсищ нэхъ дэмыкIыу Мэлбахъуэ Тимборэ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и къудамэм и унафэщIу къригъэблэгъащ, 1980 щыщIэдзауэ 1991-м и шыщхьэуIу пщIондэ секретару, секретарь етIуанэу, КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретару лэжьащ, КПСС-м и Къэзыпщытэ комиссэм хэтащ.

1985 - 1986 гъэхэм, мазэ тIощIкIэ, Зумакулов Борис Афганистаным чэнджэщэгъуу щыIащ. Зауэр щекIуэкI лъэхъэнэти, махуэ къэси псэ зэпылъхьэпIэт Борис дежкIэ. Абы къызэхикIухьырт къалэхэр, щIыпIэ нэхъ пхыдзахэр, зауэр нэхъ гуащIэу щекIуэкIхэр. Ар яхуэзэрт политикэ къэрал лэжьакIуэ цIэрыIуэхэм, къызэрыгуэкI цIыхубэм, нэхъыжьыфIхэм. Епсалъэрт, езым и политикэ еплъыкIэр яхуиIуатэрт. Хэкупсэ нэсым хуэдэу, абы игъэзащIэрт езыр къыщалъхуа къэралым и пщэ къыдилъхьа къалэныр. Япэ махуэм щегъэжьауэ, зи гъусэу лэжьэн хуей хъуа афганхэм я дзыхь кърагъэзат ди хэкуэгъум.

1986 гъэм дзэм къыхэкIыжа полковникыу къигъэзэжащ Зумакуловым икIи КПСС-м и ЦК-м деж щыIэ Жылагъуэ щIэныгъэхэмкIэ академиер къиухыжри, политикэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтащ. Мызэ-мытIэу КПСС-м нэгъуэщI щIыпIэ игъакIуэ лIыкIуэхэм яхэтащ. Псалъэм папщIэ, 1990 гъэм КПСС-м и ЦК-м и Политбюром хэту Чили щыIащ.

Борис адрейхэм къащхьэщегъэкI, сыт хуэдэ къулыкъу имыIыгъами, цIыху къызэрыгуэкIыу, зэпIэзэрыту къызэрынэжым. Апхуэдэ хьэлыфIхэм я фIыгъэкIэ жылагъуэм, ди республикэм ис цIыхубэм я деж пщIэшхуэрэ Iулыджышхуэрэ къыщилэжьащ. Ар хагъэхьащ ВЛКСМ и ЦК-м, XV, XVI, XVII съездхэм, КПСС-м и XXIV съездым я лIыкIуэу хэтащ, КъБАССР и Совет Нэхъыщхьэм и зэхыхьэгъуи 6-м – я депутату щытащ, партым и щIыналъэ комитетым и бюром щылэжьащ.

Зумакулов Борис яхэтащ 1991 гъэм республикэм и зэкъуэтыныгъэр зыхъумахэм, и гуащIэшхуэ хилъхьащ ди щIыналъэм и жылагъуэ-политикэ щытыкIэр зэпIэзэрыт щIыжыным. КъБР-м и Президент КIуэкIуэ Валерэ ПравительствэщIэ щызэхишэм, Зумакуловыр лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ министру игъэуващ щытащ икIи 1992 гъэм щегъэжьауэ 2001 гъэ пщIондэ а къулыкъум пэрытащ.

А лъэхъэнэр ди къэралым дежкIэ тыншу щытакъым. Ахъшэр мащIэт, улахуэхэр яхуэтыртэкъым, тыкуэнхэм ерыскъыр щызэпэубыдат. ЦIыхухэр апхуэдэм есатэкъыми, псэукIэ и лъэныкъуэкIэ къэралыр къадэIэпыкъуун хуейуэ къагъэувырт. Сыт хуэдиз гугъуехь хэтами, Зумакуловыр зи пашэ министерствэм лъэпощхьэпо псори къызэринэкIыфащ. КъулыкъущIапIэм и къудамэхэр къалэхэмрэ районхэмрэ щылажьэу зэтриублэри, зи узыншагъэм сэкъат иIэхэмрэ жьы хъуахэмрэ щакIэлъыплъ центрхэр къызэIуихащ, унагъуэм, анэм, сабийхэм зэрадэIэпыкъуну щIыкIэр зэтриухуащ.

Борис и гуащIэ куэд хэлъщ къэралым щIэуэ къыщежьа «социальная работа» IэщIагъэр ди щIыналъэм екIурэ-ещхьу зэрыщызэтеувам. Абы и фIыгъэкIэ цIыхухэр социальнэу къызэгъэпэщыным дэни щелэжьу щIадзащ, ди хэку цIыкIум къыщезэгъ хабзэхэр къащтэнымкIэ щIэгъэкъуэнышхуэ хъуащ. Урысейм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм зэи ямыIауэ, КъБР-м ЦIыхухэр социальнэу къызэгъэпэщынымкIэ и министерствэм и нэIэ щIэту, Социальнэ лэжьыгъэмкIэ кафедрэ къыщызэIуахауэ щытащ ди университетым.

1999 гъэм Борис Урысей къэрал университетым тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор диссертацэр щыпхигъэкIащ.

2001 гъэм къыщыщIэдзауэ 2007 гъэ пщIондэ Зумакуловыр КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и тхьэмадэщ. Абы и къарукIэ республикэм щызэтеухуа хъуащ ХэхакIуэ комиссэм и лэжьыгъэри. Ди деж ныкъусаныгъэншэу щрагъэкIуэкIащ УФ-м и Президентым и хэхыныгъэри, Къэрал Думэм и депутатхэр хэхынри, КъБР-м и Парламентым и къалэнри, щIыпIэ самоуправленэхэм а Iуэхухэр щегъэкIуэкIынри. Борис хэтащ Урысейм и ЦИК-м хыхьэу щIыналъэхэм щыIэ ХэхакIуэ комиссэхэм я советым икIи дунейпсо кIэлъаплъакIуэ къалэныр игъэзащIэу щыIащ Украинэм, Азербайджаным, Куржым, Арменияем, Узбекистаным, Таджикистаным, Къыргъызым.

2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м КъБР-м и Президентым къыхилъхьэри, Зумакуловыр КъБР-м ЦIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэу ягъэуващ. А къулыкъум пэрытщ нобэр къыздэсым.

ЩIыналъэ омбудсменым езым зэхилъхьэжащ сабий зеиншэхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, цIыхум и узыншагъэм зэран хуэхъуа шынагъуэшхуэхэм хэтахэм, зи ныбжь хэкIуэтахэм, дзэм хэтхэм, лъэхъуэщым исхэм я хуитыныгъэхэр хъума зэрыхъун Iуэхухэр. Апхуэдэхэм защIэгъэкъуэным, цIыхум лей къытемыгъэхьэным, хабзэр зыми къызэпемыгъэудыным ерыщу зэрыхущIэкъум пщIэшхуэ къыхуихьащ абы.

Борис и лэжьыгъэри и гъащIэри и щыхьэтщ къызэгъэпэщакIуэ нэсым IэнатIэри щIэныгъэри зэрыздихьыфым. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ монографиеу 8, жылагъуэ-политикэ зэхэтыкIэм теухуа тхылъ зыбжанэ, щIэныгъэ лэжьыгъэу 150-рэ, тхыдэм, социальнэ хуитыныгъэм, щIэныгъэм хуэгъэпса методикэ куэд иIэщ. НэгъуэщIхэри и гъусэу абы къыдигъэкIащ Мэлбахъуэ Темборэ теухуа «Щэхуу псалъэрт – псоми зэхахырт» тхылъыр.

Зумакуловыр нобэ УФ-м Социальнэ егъэджэныгъэмкIэ и академием и академикщ, ЩIэныгъэхэмкIэ Петровскэ академием и член-корреспондентщ.

Iулыдж, щIэныгъэшхуэ зэриIэр къалъытэри, илъэс куэд ипэ ар хагъэхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и диссертационнэ советым.

Зумакуловым иригъэкIуэкI къэрал, жылагъуэ, щIэныгъэ лэжьыгъэм къыпэкIуащ «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденищыр, «Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэ» орденищыр, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» Къэрал саугъэтыр, СССР-м, Урысейм, Афганистаным къыхуагъэфэща медал бжыгъэншэхэр. Апхуэдэуи ар КъБР-м, КъШР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэщ, Налшык къалэм щIыхь зиIэ и цIыхущ.

ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ Хэхыныгъэ IэнатIэмрэ заужьыным хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуищIам папщIэ, Борис «ВЛКСМ-м и ЩIыхь дамыгъэмрэ» «УФ-м и ЦИК-м и ЩIыхь дамыгъэмрэ» къыхуагъэфэщауэ щытащ.

Къэрал лэжьакIуэ, щIэныгъэлI, дипломат, хэкупсэ лIы нэсым къыщалъхуа адэжь щIыналъэр и псэм пищIу фIыуэ елъагъу, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэмрэ зэкъуэшыныгъэмрэ сыт щыгъуи егъэбыдэ, сыт хуэдэ Iуэху къэхъуми, и псалъэ Iущ хелъхьэ. ГъащIэ гъуэгуанэ кIыхь икIи гугъу къикIуащ абы, икIи и щхьэм, и хэкум хуэпэжу къэнащ.

Нобэ Борис хужаIэ хъуэхъу дахэ къомым дыщIыдгъуну дыхуейщ узыншагъэ быдэ иIэу иджыри илъэс куэд къигъэщIэну».

*ЗэзыдзэкIар*
**КЪЭБАРТ Мирэщ.**

● Я къулыкъуэр ягъэзащIэу нэгъуэщI къэрал щыхэкIуэда Урысей цIыхухэм я фэеплъ махуэщ



# Зэи ящымыгъупщэн лIыгъэ

Урысейм и цIыхуу хамэ щIыпIэ щызэуахэм я фэеплъ махуэр ди къэралым и тхыдэм хэтщ, икIи щхьэусыгъуэ иIэщ Интернационалист зауэлIхэм мазаем и 15-р фэеплъ махуэ щIыхуащIам. 1989 гъэм мазаем и 15-м совет зауэлIхэр Афганистаным кърашыжауэ щытащ. Совет Союзым и дежкIэ ар Афган зауэм и кIэухщ. ИлъэсипщIым нэблагъэкIэ екIуэкIа зауэм совет зауэлIу мин 15-м нэс хэкIуэдащ, мини 6-р абы щагъуэта фэбжьым илIыкIащ, цIыху 311-рэ хъыбарыншэу кIуэдащ. СССР-м и республикэхэм ящыщу хэщIыныгъэ нэхъыбэ дыдэ къызылъысар РСФСР-рщ (Урысей Федерацэ).

2004 гъэм Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир жиIащ Афганистаным и ветеранхэм ялъымыса гулъытэ егъэгъуэтыжын хуейуэ:

- Ахэр хамэщIым щызэуащ. Къызыхыхьэжахэм щIагъуэу къагурыIуэртэкъым зауэр къыщIэхъеям и щхьэусыгъуэр, уеблэмэ абы хэтахэм я мыIуэху зэрахуауэ къалъытэрт, - жиIащ абы щыгъуэ Президентым.

А фэеплъ махуэм дигу къэдгъэкIыжыр Афган зауэм хэкIуэда ди сэлэтхэм я закъуэкъым. Ар я фэеплъщ дуней псом и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм щызэуа совет зауэлIхэм. ЕтIуанэ Дунейпсо зауэр зэриухрэ дэкIа зэманым къриубыдэу, Урысейм и цIыхухэр щызэуащ Кореем, Вьетнамым, Сирием, Мысырым, Мозамбикым, Эфиопым, Анголым, Венгрием, Бангладешым, Лаос, Афганистаным. ТхыдэджхэмкIэ къызэрабжымкIэ, хамэ щIыпIэ щызэуа ди зауэлIхэм я бжыгъэр цIыху мелуанрэ ныкъуэрэ хуэдиз мэхъу. Абыхэм ящыщу мин 25-м щIигъум къагъэзэжакъым.

Урысейм и тхыдэмкIэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Нарышкин Сергей 2024 гъэм Къэрал Думэм и зэIущIэм щыжиIащ дзэ Iуэху нэхъ шынагъуэ дыдэхэм щIыхь яIэу я къалэн щыпэрытахэм цIыхубэм хуащI пщIэр а махуэм зэрыщIигъэбыдэр.

- Афган зауэм хэта ди зауэлI куэдым къагъэзэжа нэужь жылагъуэ-политикэ Iуэхухэм хыхьащ, щIэблэр хэкупсэу гъэсэнымкIэ щыIэ зэгухьэныгъэхэм жыджэру хэтщ, - жиIащ абы.

Ди къэралым Хамэ щIыпIэхэм къулыкъу щызыщIэу хэкIуэдахэм фэеплъхэр щыхуагъэуващ. Санкт–Петербург дэтщ 1979-1988 гъэхэм Афганистаным щекIуэкIа зауэм хэкIуэда ди зауэлIхэм я фэеплъ. Челябинск щагъэуващ «Хэкум и къуэ пажэхэм я фэеплъ». Красноярск щыIэщ совет зауэлI-интернационалистым и фэеплъ. «Афганым и куэбжэ» фэеплъыр щагъэуващ Пензэ. «Солдату на Поклонной горе» зыфIащар Москва дэтщ.

Налшык и Дей жыг хадэм 2005 гъэм накъыгъэм и 20-м къыщызэIуахащ Афганистаным щыхэкIуэда ди щIалэхэм я фэеплъ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

● Газ Iуэхухэр

# Къэралым щыебгъуанэщ

**Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Новак Александр иригъэкIуэкIащ щIыналъэхэр газкIэ къызэгъэпэщыныр зи пщэрылъ къэрал штабым и зэIущIэ. Абы щыхэплъэжащ зытепсэлъыхь Iуэхугъуэхэм ехьэлIауэ 2024 гъэм щIыналъэхэм яхузэфIэкIамрэ 2025 гъэм къапэщылъ къалэнхэмрэ.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Говоров Сергей, КъБР-м промышленностымкIэ, энергетикэмрэ сатумкIэ и министр Iэхъуэбэч Щамил, «Газпром»-м и щIыналъэ къудамэм и отделым и унафэщI Ерыстау Лянэ сымэ.

2021 гъэм и фокIадэм щегъэжьауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзащIэ щIыналъэхэр газкIэ къызэгъэпэщыным ехьэлIа социальнэ программэр. Абы ипкъ иткIэ газыр здынэмыса унэхэм ар яхуешэлIэным теухуауэ лъэIуу 3844-рэ нобэкIэ къыIахащ, абыхэм ящыщу 3782-м зэгурыIуэныгъэхэр иращIылIащ. Газыр зэрырикIуэ бжьэмийхэр я унэ гъунапкъэхэм нэс хурашэлIакIэщ унагъуэ 3484-м. Иджыпсту зэрылэжьэну зэхагъэува планым хагъэхьащ дачэ щIыпIэхэм щыIэу унагъуи 147-рэ.

ЩIыналъэхэр газкIэ къызэгъэпэщыным ехьэлIа программэр щIыпIэхэм зэрыщагъэзащIэм теухуауэ УФ-м и Правительствэм деж щыIэ Зэзыгъэув центрым ахэр я къалэным зэрехъулIэм и рейтинг зэхегъэувэ икIи Къэбэрдей-Балъкъэрым абы и лъэныкъуэкIэ 9-нэ увыпIэр къэралым щиIыгъщ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, мазаем и 17

### Первый канал

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 14.00, 17.00, 18.30 Информационный канал (16+)
13.30 «АнтиФейк» (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.50 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «НАТАЛИ И АЛЕКСАНДР» (16+)
23.50 «Большая игра» (16+)
00.50 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

И лэжьыгъэм хуэпэж нэхъыжьыфIыр жылагъуэ гулъыти щыщIэркъым. Адыгэ лъэпкъыр ефIэкIуэным хэлъхьэныгъэ зэрыхуищIам папщIэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ЩIыхь тхылъыр 2022 гъэм къыхуагъэфэщащ. КъызыдэкIа къуажэми Тэрч районми пщIэ къыщыхуащI Хьэмыщэ. ИкIи республикэм ис Iэщ дохутырхэм я нэхъ Iэзэхэм хабжэ, ар КъБР-м и ветеринар IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм я советым хэтщ. Апхуэдэ щIыхьыр къызэрилэжьар езым бгъэдэлъ щIэныгъэмрэ Iэзагъымрэщ, цIыху хэтыкIэмрэ дуней тетыкIэмрэщ.

Къуажэм ЩэнхабзэмкIэ дэт унэм плIанэпэ щхьэхуэ щыхухахащ Хьэмыщэ и гъащIэмрэ лэжьыгъэмрэ. Абдежи нэгъуэщI утыкухэми къыщыбгъэлъэгъуэнрэ цIыхухэм щапхъэ яхуэхъур куэду хэтщ абы къызэринэкIа гъуэгуанэм.

И гъащIэр зыгъэдэха Iуэхугъуэ куэд игу къегъэкIыж Хьэмыщэ ущеуэршэрылIэкIэ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, Пэщолым и лъапсэращ «Тэрч хьэгъуэлIыгъуэ» фильмыр щытрахар.

- Зы махуэ гуэрым режиссер цIэрыIуэ Вэрокъуэ Владимиррэ абы и щхьэгъусэ Ринэрэ нэкIуащ Болэтей къуажэм, фильмыр щытрахыну щIыпIэхэр, унэхэр къыхахыну, - игу къегъэкIыж Хьэмыщэ. - ХьэгъуэлIыгъуэр щекIуэкIыну пщIантIэу къыхахар дыдейращ. Сэ а махуэхэм Къущхьэхъу сыщыIэт. ПIалъэр къэсу, тезыхыну гупыр нэкIуа нэужь, зэзгъэцIыхуауэ аращ режиссер зэщхьэгъусэхэр. ПщIантIэр, лъапсэр ягу ирихьат, нысащIэри щIалэри къыхахагъэххэт. Абы щыгъуэ Владимир къызжиIауэ щытащ, япэу къыщыкIуам сыкъилъэгъуатэмэ, фильмым щауэу хэтыну нэгъуэщI зыгуэр къызэримылъыхъуэнур. Кино дахэу дунейм къытенащ ари, хабзэр къыщигъэлъагъуэу, гуфIэгъуэ дауэдапщэр адыгэ къуажэм зэрыщыдахыр, абы къуажэдэс псори гуфIэу зэрыхэтыр къыхэщу. Си анэри хэтщ абы.

Пэщолхэ Хьэмыщэрэ Клавэрэ (Хьэшырхэ япхъущ) зэгъусэу илъэс 49-рэ къызэдагъэщIащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, къуажэдэсым фIыкIэ ягу къина, медпунктым и унафэщIу, дохутыр бзэIэфIу щыта бзылъхугъэ гуакIуэр дунейм ехыжащ. Я щIалищымрэ хъыджэбз закъуэмрэ унагъуэ хъужахэщ, IэщIагъэрэ щIэныгъэрэ яIэу гъащIэм лъэ быдэкIэ хэтщ.

ЩIалэ нэхъыжь Алешэ Афганистаным къулыкъу щрихьэкIащ. Залинэ КъБКъУ-м экономикэмкIэ и факультетыр къиухащ, адрей щIалитIыр щIым йолэжь, гъавэ кърахьэлIэ. Къуэрылъху-пхъурылъхуу 10-рэ абыхэм я быныжу 9-рэ иIэщ Хьэмыщэ, ахэращ и гъащIэм къыпызыщэр, и лъэр жану щIэзыгъэкIыр.

Илъэс 85-м щIигъуами, цIыху жыджэрщ, бжьыфIэщ Хьэмыщэ. Къуажэми, Тэрчи, Налшыки Iуэхуу щиIэр зэфIегъэкI, машинэ руль иIыгъщ, республикэм щекIуэкI жылагъуэ Iуэхухэм хэтщ. Апхуэдэ узыншагъэмрэ теплъэмрэ я щэхум сыщыщIэупщIэм и щIалэгъуэм спортым дихьэхыу зэрыщытар, абы и лIэужьыгъуэ куэдым зэрызыхуигъэсар, фади тутыни зэи зэремыфар къызжиIащ Хьэмыщэ.

Пэщолхэ я лъэпкъым и мызакъуэу, адыгэ лъэпкъым и жьэнтIэдэс тхьэмадэ Iумахуэм и IуэхущIафэмрэ дуней тетыкIэмрэ дуней псом щапхъэу щыбгъэлъагъуэ хъун хуэдэщ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**
*АР-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я журналист.*

● Мэкъумэш IэнатIэм

# ЩIыналъэ «удзыфэ»

**2024 гъэм «Роскачество»м иригъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэр зэхалъхьэжа нэужь Урысей Федерацэм и щIыналъэ «удзыфэхэм» Къэбэрдей-Балъкъэрыр хагъэхьащ. КъыщIагъэкI продукцэм фIагъ лъагэ зэраIэм щыхьэт техъуэ сертификатхэр нэхъыбэу зиIэ щIыналъэхэр дэтхэнэхэрами наIуэ къищIащ а IуэхущIапIэм.**

АПХУЭДЭ дэфтэрхэр зрат хабзэр экологие и лъэныкъуэкIэ къабзэ, химие пкъыгъуэхэр, н.къ. зыхэмылъ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкIхэмрэ къэзыгъэкIхэрщ. Илъэс блэкIам «удзыфэхэм» щIыналъибгъу къахэхъуащ, ди республикэри яхэту. КъБР-м щыщу абы хагъэхьащ «Шэджэм Агро» хуабэщ комплексыр.

Бэдрэжан лIэужьыгъуэхэр къыщагъэкI «Шэджэм Агро» хуабэщ комплексыр Шэджэм щIыналъэм хохьэ икIи, хъыбар зэрыщыIэмкIэ, мы гъатхэм абы и етIуанэ Iыхьэр ухуэн щIадзэнущ. ИщхьэIуэкIэ зэрыщыжытIащи, мы IуэхущIапIэм къыщыщIач хадэхэкIхэм экологие и лъэныкъуэкIэ фIагъ лъагэ яIэщ икIи щыхьэт тхылъри кърататащ.

«Хуабэщ комплексым и япэ Iыхьэм гектар 37-м нэблагъэ иубыдащ, икIи зы илъэсым хуэзэу бэдрэжану тонн мин 17 къытыдох.

Мы гъэм гъатхэпэ мазэм хуабэщым и етIуанэ Iыхьэр ухуэным яужь дихьэнущ. Мурад щыIэщ 2026 гъэм ар и кIэм нэдгъэсыну. Абы иужькIэ, бэдрэжаныр щыдгъэкI щIыпIэм иджыри гектар 62-рэ къыхэхъуэнущ», - жиIащ «Шэджэм Агро»-м и агроном нэхъыщхьэ Зудилов Сергей.

Ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр зэфIэкIа нэужь бэдрэжаным псори зэхэту гектари 100 ирагъэубыдынущ, инвестицэ ахъшэу сом мелард 24,5-рэ абы къыхуагъэсэбэпынущ, хадэхэкIыуи зы илъэсым тонн мин 50-м щIигъу къыщыщIачынущ. Ауэ, псом нэхърэ нэхъыщхьэжращи, лэжьапIэ IэнатIэщIэу 1200-рэ абы къыщызэIуахынущ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и инвестицэ пэхуэщIэ нэхъ инхэм хыхьэу, «Шэджэм Агро»-м и япэ Iыхьэр 2023 гъэм гъэмахуэм лажьэу ирагъэжьащ икIи 2024 гъэм япэ хадэхэкIхэр абы къыщрахьэлIэжащ.

Иджыпсту хуабэщ комплексым къыщагъэхъуа бэдрэжан пасэр къыщыщIачыжыну загъэхьэзыр. Мыбы къыщагъэкI а хадэхэкIым и лIэужьыгъуэ зыбжанэ, «Черри» лъэпкъри яхэту. Мы гъэм абыхэм къахыхьэнущ «Культурион» жыхуиIэ лъэпкъыщIэр.

«Шэджэм Агро» хуабэщ комплексыр хохьэ «ЭКО-культура» мэкъумэш-промышленнэ холдингым. Инвестицэ пэхуэщIэр республикэм щагъэзащIэ УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм, КъБР-м и Правительствэм, «Урысеймэкъумэшбанкым» я дэIэпыкъуныгъэ хэлъу.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# Гукъеуэ гъащIэм хузимыIэ...



**Ди щIэджыкIакIуэхэм гу лъатагъэнщ зи цIэр хуабжьу мыIуа, усэбзэм е тхакIуэбзэм иджыри фIыуэ хуэмышэрыуэ цIыхухэм я IэдакъэщIэкIхэр газетым и напэкIуэцIхэм къызэрытеддзэм. Литературэм япэ лъэбакъуэр щызычхэр зэкIэ зыгъэусэр я псэрщ, ауэ куэдрэ къалэмым и гъэбзэкIэри абы лъэщIохьэж. Нобэ ди гуапэу фи пащхьэ къыдолъхьэ Къэхъун къуажэм щыщ Джатокъуэ Хьэжмурат и усэхэр.**

**Джатокъуэ Хьэжмурид и къуэ Хьэжмурат Аруан куейм хыхьэ Къэхъун къуажэм 1949 гъэм къыщалъхуащ. 1969 гъэм курыт еджапIэр къиуха нэужь, щIалэр Налшык дэт технологическэ техникумым щIэтIысхьэри, пщафIэ IэщIагъэм хуеджащ, иужькIэ Уфа дэт шхапIэ зыбжанэм щылэжьащ. 1979 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым, езыр щалъхуа Къэхъун къэкIуэжри, и адэшхуэ Хьэжбатыр хуэдэу пхъащIэу «Каббалкмебельсбыт» IуэхущIапIэм щылэжьащ, цIыхухэм я псэуалъэхэм щIагъэувэн унэлъащIэхэр яхуищIу. Iэнэ лъакъуищхэр, стIолхэр, гущэхэр, унэм къыщысэбэп, пхъэм къыхэщIыкIа нэгъуэщI хьэпшып куэд ищIащ Хьэжмурат, и IэщIагъэм ирилэжьэху. 1980 гъэхэм ар ягъэуващ пхъэм щелэжьу Нарткъалэ дэт IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэу.**

**Лъэпкъ Iуэхум хуэжыджэр Джатокъуэ Хьэжмурат Адыгэ Хасэ лъэпкъ зэгуэтым и депутату щытащ. 1992 гъэм Куржым и дзэр Абхъазым щытеуам щыгъуэ, ди къуэш республикэм и цIыхубэм лей къатемыхьэн папщIэ Iэщэ къэзыщтахэм, Абхъазым текIуэныгъэ къахуэзыхьахэм язщ Хьэжмурат. Иджы ар пенсэм тIысыжауэ, и нэгу щIэкIахэр усэбзэкIэ къытхуеIуэтэж. Пхъэпсым и пIэкIэ къалэм къэзыщта Хьэжмурат гу къабзэкIэ мэусэ, и усэхэр дэ дызэса жыпхъэм имыту къыффIэщIми, гум ешыкъылIэн гуэр къыхыумыгъуатэу къанэркъым.**

**КЪУДЕЙ Iэминэ.**

* * *

Гукъеуэ гъащIэм хузимыIэ,
Сэ гъащIэм куэдкIэ семылъэIу,
Махуэр хуабэIуэм - псы Iубыгъуэ,
Уаер етамэ - уэтэр жьэгу.
Е губгъуэ нэщIым си пкъыр къинэм,
Дзыхь хуэсщIыфыну зы ныбжьэгъу,
Гъатхэ гъэгъауэ гукIэ згъафIэм,
Зэман, сыхуищIу нэхъ гъунэгъу.
Си лъэпкъым и анэдэлъхубзэм
Псэр дрегушхуэ, бзэр бзэрабзэу,
ЗыщIапIыкIауэ и лъэпкъ хабзэр
ИреIыгъыж псынэпсу къабзэу.
Ди къуэш хэхэсхэу зи щIыхь инхэм
Ягу къыбгъэдэкIыу зы фIэхъус,
Напэ е псапэ зимыIэжхэм
Къащтэжыгъарэт лъэпкъ нэмыс.
Ди уафэ къащхъуэм, щIылъэ щхъуантIэм
Къабзагъэу яIэр тхуэхъумамэ,
Лъэпкъым и бынхэр мызеиншэу,
Я адэ-анэм здапIыжамэ.
И жэщым, махуэм, псэху имыщIэу,
И лъэпкъыр псэкIэ зыхъумам
ТIэкIу мащIэу щытми, игъуэ нэсу,
Къилэжьа фIыщIэр лъысыжам.
Анэдэлъхубзэ зыIулъ псоми
Я бзэм и щIыхьыр яIыгъам.
Лъэпкъыр узыншэу, насыпыфIэу,
ФIыгъуэшхуэу щыIэр къехъулIам.
Гукъеуэ гъащIэм хузимыIэ,
Сэ гъащIэм куэдкIэ семылъэIу,
Мы ЩIы хъурейм и зы плIанэпи
Щытремыхьэ зауэ гъуэгу.
Лъэпкъыу щыпсэухэм, жэуап здахьу,
Ди ЩIылъэ-анэр здахъумам.
Си лъэпкъыжь уардэу зи пщIэр лъагэм,
Бын пэжу иIэр зы хъужам.
ЗылI дрибыну, лIыгъэ тхэлъу,
Зэныкъуэкъуныр IэщIыб тщIауэ,
ЗэгурыIуэныр ди жьэгу пащхьэм
Псоми зэгъусэу дэтлъхьэжамэ.
Гукъеуэ гъащIэм хузимыIэ,
Сэ гъащIэм куэдкIэ семылъэIу,
ЩIы щхьэфэр зи псэупIэу щыIэм
Яхуэгъэзауэ мыр си лъэIущ.

* * *

Насып гъуэгур кIэщIщ,
ЦIыху гъащIэр нэхъ кIэщIыжщ.
ПхузэфIэмыкI, зыхыумыщIыкI щытыкIэ
Къалэн зыщумыщIыж.
ДыцIыху къудейуэ аркъудейщ,
Ди гъащIэ мащIэр бжьизщ.
Дунеишхуэр уи зэфIэкIым
Дэджэрэзу зумыбжыж.
Зи псэ тхэлъым и IэмыркIэ
ЩIым и щхьэфэм щекIуэкI гъащIэм
И увыпIэ щиIыгъыжщ.
ЦIыху къалэнкIэ псыхьа гъащIэм
И зы махуэ ущыуам,
Уи щыуагъэр гъэзэкIуэж.
Уи псэр псэкIэ зыхъумам и щIыхь
Псы Iубыгъуэкlэ ущыуэу умыщэж.
Зэман блэкIым уемыижу,
Къэунэху махуэм хуэхъу цIыху пэж.
Жьыгъэм и гъэм ущымыщтэу,
ЩIым и хабзэ умыхъуэжу,
Уи цIыху хьэкъ Iыгъыж.
ЩIым къыхэкIар
ЩIым щыщ мэхъуж.

* * *

ЛIыгъэ пхэлъу упсэуам,
ЛIыгъэ пхэлъу псэр птыжынщ.
Хьэ псэукIэу упсэуам,
Хьэхэм я кхъэм псынщIэ дыдэу
Уи хьэщIэгъуэр щыбухынщ.

* * *

Шабзэшэу псалъэм гур еуIэ,
Егъэщтыр дыкъыу псэр.
Хуэсакъ уи псалъэм, шынэхъыщIэ,
ЦIыхуфэр Iувми, пIащIэщ псэр.

* * *

Уи пэжыгъэ, уи цIыхугъэ зымылъагъум,
Зэхэзымыхым уи джэ макъ.
Iэр шияуэ, уи псэр гугъэу
Губгъуэ нэщIым укъизынэм,
ЗыхуумыщI гъунэгъу, хуэсакъ!
ЦIыху хьэкъыншэр,
Гъуанэдэур, щэхурыпхъуэр,
ЩIыбагъ псалъэ къезыхьэкIыр...
А цIыху ныкъуэр
Зы мэскъалкIэ хуэмыныкъуэ
Уи цIыхугъэм игу щIэныкъуэм,
Уи щIыхь хъумэ, зыхуэсакъ!
Алыхьталэм укъихъумэ,
ЩIым и щхьэфэм щекIуэкI гъащIэм
Щыбгъэзащlэу уи цIыху хьэкъ.

* * *

ЩреIу щIым и щхьэфэм
ЩекIуэкI гъащIэм
Сабий узыншэхэм я дыхьэшх макъ.
Дыгъэ нэпс пщIыпщIым
И шыр цIыкIухэм
Я мамырыгъэм,
ЦIыхухэ, фахуэсакъ!
Дэтхэнэ цIыхуи, псэ зыIутхэм
ПыухыкIауэ ди къалэнщ.
Махуэ къэунэхум и зэфIэкIым
ФIыгъуэ мыухкIэ дыпежьэн.
КъытщIэхъуэ щIэблэм
Я псэр къабзэу
ГъащIэ мытыншым
И гъуэгуанэм тедгъэувэн.
Нэмыс, насып, пэжыгъэ я псэм хэлъу,
Лъэпкъ уардэу щыпкъэм и бзэр,
Хабзэр яхъумэн.
Пэжыгъэ инкIэ псыхьа гъащIэ
Ди ужькIэ къанэм къахуэнэн.

# Адэ шыпхъум сригъэхъуапсэри...

***Налшык къалэ дэт, Тхьэзэплъыж ТIулэ и цIэр зезыхьэ, Дзэ узыфэхэм щеIэзэ республикэ поликлиникэм иIэ мыхьэнэр къыпхуэмылъытэным хуэдизщ. Абы сыт щыгъуи цIыхушхуэ щызэблокI - хэти и дзэ узыр Iуригъэчыну, хэти иригъэдыжыну, хэти Iуригъэлъхьэну. Налшык и закъуэкъым - Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэхэм, къуажэхэм къикIыурэ Iэджэ къокIуэ, дохутыр Iэзэхэр, цIыху Iэпэ щабэхэр абы зэрыщыIэм и хъыбар зэхахауэ. Сэри мызэ-мытIэу щыхьэт сытехъуащ а хъыбарым лъабжьэ зэриIэм. Поликлиникэм нобэ и Iуэху зытетым, абы цIыхухэм щагъуэт Iуэхутхьэбзэхэм тедгъэпсэлъыхьыну зыхуэдгъэзащ а IуэхущIапIэм и дохутыр нэхъыщхьэ, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Щоджэн Iэсият.***



**- Iэсият, уи деж сыкъыщыкIуэм, мы хъыджэбзым дохутыр IэщIагъэр къыхезыгъэхар и адэрауэ къыщIэкIынщ жысIэри сигу къэкIащ. Уи адэ Ахьмэд Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министру зэрыщытам дыщыгъуазэщ.**

- Хьэуэ, си адэракъым мы IэщIагъэм сыхуэзышар. Си адэанэм «уи псэм фIэфI дыдэр къыхэх» къызжаIа мыхъумэ, сыхагъэзыхьакъым. Си адэ шыпхъу нэхъыжь ХьэIишэтщ зи фIыгъэр. Ар дохутыру лажьэрт. Хуабжьу фIыуэ илъагъурт зыпэрыт IэнатIэр. Школым дыщыщIэс зэманхэм а IэщIагъэм ар апхуэдизкIэ дахэу къытхутепсэлъыхьырти, сригъэхъуапсэри, нэгъуэщI гуэрым сыхуеджэну сигу къэкIыххакъым. Ди Iыхьлы хъыджэбз цIыкIуу къалъхуу хъуам щхьэкIэ «дохутыру езгъэджэнущ» жиIэрт. Арати, школыр къызэзнэкIа нэужь, ди университетым си тхылъхэр щIэслъхьащ икIи, си насып къикIри, сыщIэхуащ. Ар къэзухри, мы поликлиникэм сабийхэм щеIэзэ и къудамэм лэжьэн щыщIэздзащ. Сызэрылажьэм хуэдэурэ ординатурэми интернатурэми сыщеджащ, иужькIэ очнэу къэзухыжащ аспирантурэри.

**- Къуажэ школыра, хьэмэрэ мы къалэрэ ущеджар? Апхуэдэу сыныщIоупщIым иIэщ щхьэусыгъуэ. Налшык къыщыхъуахэр, щеджахэр я анэдэлъхубзэм апхуэдэу хуэшэрыуэкъым. КъыщопсалъэкIэ урысыбзэр хъушэу къафIыхохуэ. Уэ уи адыгэбзэр къулейщ.**

- Налшыкщ сыщеджар. Ауэ ди къуажэм, Къармэхьэблэ, дыщысабийм дыкIуэжырейт. Школым дыкъаутIыпща нэужь, абы дашэжырти, ди адэшхуэ-анэшхуэм дабгъэдэст. Абыхэм сыт хуэдэу бзэ дахэ яIурылът. Уеблэмэ нобэр къыздэсым сщымыгъупщэжауэ сощIэж къыщыддэуэршэркIэ си анэшхуэм къыхигъахуэу щыта псалъэжьхэм ящыщ зыбжанэ. Си анэми и фIыщIэшхуэ хэлъщ ди бзэр IэщIыб зэрыдмыщIым. Абы адыгэ тхылъ къиищтэрти къытхуеджэрт. Псалъэм щхьэкIэ, IутIыж Борис и тхыгъэ къигъэтIылъырти, и бзэм и дахагъэм и гугъу къытхуищIырт. МыдэкIэ школ сыздыщIэсам лъэпкъыбзэр щыдэзыгъэджахэми я фIыщIэр згъэкIуэдыну сыхуейкъым. Адыгэбзэр IэщIыб тщIы хъурэ - абы щыгъуэ ди лъэпкъри щыIэжынукъым.

**- Iэсят, нобэ уздэщыIэ дохутыр IуэхущIапIэм, дзэ узыфэхэм щеIэзэу республикэм ит поликлиникэ нэхъ ин дыдэм, и Iэтащхьэ къалэныр къыщыпхуагъэфащэм тIэкIу угузэвакъэ, шэч къытепхьакъэ «ярэби, схузехьэну пIэрэ, сыпэлъэщыну?» жыпIэу?**

- УмыгузэвапIэр иIэ! Апхуэдэ цIыхуи щыIэу къыщIэкIынкъым, жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ Iуэху, лэжьакIуэ куэд зыIут IэнатIэ къыщыхуагъэлъагъуэкIэ тIэкIу мыгузавэу. Ауэ сэ мы къалэныр си пщэ къыдэхуэн ипэ зы гуп щхьэхуэм сранэхъыжьу сылэжьащ. Уи IэщIагъэр фIыуэ плъагъумэ, хэпщIыкIмэ, дзыхь къуагъэзар бгъэпэжыну ухущIэкъумэ, пхузехьэну си гугъэщ. Сыту жыпIэмэ мыбы сызэрыIутрэ цIыху губзыгъэ куэдым садэлэжьащ. Я чэнджэщ зэхэсхащ, абыхэм я деж куэдым сыщыхэгъуэзащ, ноби къыщызощIэ. КъимыдэкIэ, махуэ къэс Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэ гуэр къожьэ, абыхэм ущыгъуазэу, зэманым удекIуу ущытын хуейщи, абыи дытеплъэкъукIыркъым. Ди унафэщI нэхъыщхьэр - республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрыр - езыри езэш имыIэу мэлажьэ, дэри дигъэбэлэрыгъыркъым. КIэщIу жыпIэмэ, дыкъызэрыщIэмыхуэным, ди деж къекIуалIэ цIыхур арэзы зэрытщIыным иужь дит зэпытщ.

**- Фи деж цIыхушхуэ щолажьэ, зэрысщIэмкIэ.**

- Пэжщ, псори зэхэту цIыху 300-м нос - дохутырхэи, ди лэжьыгъэр зыхуей хуэзэн папщIэ нэгъуэщI IэнатIэ зэхуэмыдэхэм бгъэдэтхэри къэплъытэмэ. Фэри зэрыфщIэщи, ди Къэбэрдей-Балъкъэрым дзэ узыфэхэм щеIэзэ уней IэнатIэ куэд щыIэщ, абыхэм щIэх-щIэхыури къахохъуэ. Ауэ абы щхьэкIэ ди поликлиникэм къакIуэр нэхъ мащIэ хъуркъым. ЯщIэ зи IэщIагъэм хуэIэижь дохутырыфIхэр мыбы зэрыщылажьэр. Ди деж абыхэм сыт хуэдэ Iуэхутхьэбзэри щагъуэт: дзэр щадыж, хуей хъумэ щыIуач, щыIуалъхьэ. Дэтхэнэ лэжьыгъэри тэмэму зэрызэфIэдгъэкIыным дыхущIокъу. Пэжщ, псори арэзы щытхуэмыщIи къытхуохуэ, ауэ апхуэдэ Iуэхухэр нэхъ мащIэ зэрытщIыным иужь дитщ. Балигъхэм я мызакъуэу, сабийхэми доIэзэ, уеблэмэ захуэу къэмыкI я дзэ цIыкIухэр доузэхуж. Я дзэхэм зэрыкIэлъыплъын хуей щIыкIэм теухуауэ чэнджэщ щхьэпэхэри ядот. Къатищу зэтет ди поликлиникэм къыщIыхьэхэм ялъагъу - кIэлындорхэр, дохутыр пэшхэр къабзэлъабзэщ, ауэ зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэшхуэ дыхуэныкъуэщи, абыкIэ чэзур къыщытлъысынум дыпоплъэ.

**- Илъэс куэд щIауэ лажьэу, я цIэр фIыкIэ Iуауэ дохутыр зыкъом фызэриIэр дощIэ. IэщIагъэлI щIалэгъуалэкIэ фи Iуэху дауэ щыт?**

- Ди куэдщ щIалэгъуали. Си щхьэкIэ ди университетым IэщIагъэлI хъарзынэ къыщIигъэкIыу собж. Ахэр зыкIи къакIэрыхуу си гугъэкъым нэхъапэхэм нэгъуэщI къалэхэм щылажьэу щытауэ къэзыгъэзэжу ди поликлиникэм къэувахэм. Ещанэ курсыр къауха нэужь къатшэурэ дгъэлажьэу щытащ япэ зэманхэм, иджы апхуэдэ щыIэжкъым, университетыр къамыухауэ дгъэув хъуркъым. Дауи, псори занщIэу тегушхуэркъым дзэ узыфэхэм еIэзэну. Абы къыхэкIыу ядогъэлъагъу я лэжьыгъэр дауэ ирашэжьэн хуейми. Ахэр дэ мыбдеж щыдогъэсэж. ИтIанэ нэгъуэщI щIыпIэхэм догъакIуэ я щIэныгъэм, я Iэзагъэм нэхъри зиужьын папщIэ.

**- Иджы и гугъу дыгъэщIыт, Iэсият, льготэхэм. Фи поликлиникэм цIыхухэм я дзэхэр пщIэншэу щагъэхъуж. Ауэ дзэ Iуебгъэлъхьэнумэ, пщIэ щIэптын хуейщ. Хэт уасэ никъуэкIэ дзэ зыхуIуфлъхьэр, протез зыхуэфщIыр?**

- Иджыпсту Iэмал диIэщ дзэ Iуэху хэхам хэтахэм пщIэншэу протез яхуIуедгъэлъхьэну. Абы текIуэдэну мылъкур къэралым къыдитащ. Загъэпсэхуну, я узыншагъэм кIэлъагъэплъыну къэкIуэжхэр ди деж къыщIыхьэ хъунущ тхылъымпIэ дызыхуеинухэр яIыгъыу. Мыдрейуэ, техуэ уасэм и зэхуэдитIкIэ дзэ IэрыщI яхуIутлъхьэнущ Хэку зауэшхуэм хэтахэм, а зэманым мазих нэхърэ мынэхъ мащIэкIэ лэжьапIэ IэнатIэ Iутахэм, лэжьыгъэм и ветеранхэм. Ауэ а уасэ никъуэкIэ яхуэтщIэ Iуэхутхьэбзэхэм хиубыдэркъым пкъыгъуэ нэхъ лъапIэхэм къыхэщIыкIа дзэхэр яхуедгъэщIыныр. Аращи, я тхылъымпIэхэр зэпэщу къакIуэмэ, ди гуапэу я Iуэху яхузэфIэдгъэкIынущ.

*Епсэлъар*
**САУТ СулътIанщ.**




● Шхыныгъуэхэр

# КIэртIоф цIывынэкIэ щIа хьэнтхъупс

Шыуаным псы щIыIэ ирагъэжыхь, шэ щIэмыху иракIэ, шыгъу хадзэри зэIащIэурэ зэ къытрагъэкъуалъэ. БэлагъкIэ зэIащIэурэ абы кIэртIоф цIывынэр хакIутэ. МафIэ щабэм тету хьэзыр хъуху ягъавэ. Хьэзыр хъуа хьэнтхъупсыр пэшхьэкум къытрахыжри бжьын гъэлыбжьа традзэ, шыуанышщхьэр трапIэри дакъикъитху-хыкIэ щагъэт. Iэнэм фалъэкIэ трагъэувэ, шатэ хэкIауэ. ЩIакхъуэ е лэкъум дашх.

***Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):*** Шэ щIэмыхуу - г 1400, кIэртIоф укъэбзауэ - г 300, гуэдз хьэжыгъэу - г 60, джэдыкIэу – 1, тхъуцIынэу – г 30, шатэу - г 50, шыгъуу - узыхуеймкIэ хуэдиз.

***Бжьын гъэлыбжьам:*** Тхъууэ - г 30, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 40, шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдиз.



● Псалъэ Iущхэр

# Акъыл зиIэм шыIэ иIэщ

- ♦Жаlэ псор къэхъуркъым, къэхъу псор яIуатэркъым.
- ♦Зым и хущхъуэр зым и щхъухьщ.
- ♦Гур кIуэдмэ, лъэр щIэкIыркъым.
- ♦Быдэ и анэ гъыркъым.
- ♦Бысымыр хьэщIэм и Iуэхутхьэбзащlэщ.
- ♦Адрыщlым ущIэдэумэ, мыдрыщIыр къыплъысынщ.
- ♦Акъыл зиIэм шыIэ иIэщ.
- ♦Банэ хуэдэ зэхэплъхьэр, данэ хуэдэу зэхэпхыжынщи, данэ хуэдэ зэхэплъхьэр, банэ хуэдэу зэхэпхыжынщ.
- ♦Бэлэрыгъым гъатхэр къыхуэлъэщ.
- ♦Адыгэ и хьэщIэ быдапIэ исщ.
- ♦Гугъэ нэпцIыр щхьэгъэпцIэжщ.
- ♦Бгъащхъуэ гушхуар жьындум жьэхэхуэри ишхащ.
- ♦Бгъуэ егъапщи, зэ пыупщI.
- ♦Гужьеигъуафlэ унэхъугъуафIэщ.

# Сыт хуэдэу нэхъ къащтэрэ?

***Интернет, Нейросеть Iэмалхэм хуабжьу дыщытехьэ лъэхъэнэм тхылъымпIэм тету къыдэкI тхылъым иIэ мыхьэнэм топсэлъыхь IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм пэрытхэр:***



**Телевиденэм и лэжьакIуэ**:

- Сэ къызэрыслъытэмкIэ, ди бынхэм тхыдэр зэраджыну щIыкIэм «жьэрыIуатэбзэми тхылъкIэми» апхуэдэу мыхьэнэшхуэ иIэкъым. Нэхъыщхьэр абы купщIэ иIэнырщ. Ар си бынхэмкIэ нэрылъагъу сщохъу, абыхэм тхылъкIи ИнтернеткIи я дерсхэм зыхуагъэхьэзыр. Ауэ Интернетым тхылъхэр псори илъын хуейщ.

**ТхакIуэ**:

- Си къуэрылъхухэм ятепщIыхьмэ, щIалэгъуалэм куэд щIауэ къагъэсэбэпыр электрон Iэмалхэрщ. Абы къыхэкIыу электрон тхылъхэр ди гъащIэм нэхъ кууэ къыхыхьэнымкIэ зэран хъу лъэпкъ слъагъуркъым. НэгъуэщI лъэныкъуэкIэ укъыбгъэдыхьэмэ, дуней псом электрон тхылъхэмкIэ рынокыр зэрагъэнщIар процент 25-рэ къудейщ. ЦIыхухэр электрон тхылъ куэду еджэр пэжми, тхылъ къызэрыгуэкIым и пщIэр зыкIи нэхъ лъахъшэкъым.

**Политолог**:

- Си гугъэкъым электрон тхылъхэм школым щрагъэгъуэт щIэныгъэм зыгуэркIэ зригъэхъуэжыну. Си щхьэкIэ школакIуэхэм ират унэ лэжьыгъэр, Iэмал зэриIэкIэ, нэхъ мащIэ сщIынт. Школым тхылъ тэмэмкIэ ущеджэн, унэр унагъуэм хухэхауэ щытын хуейщ. ИтIанэ сабийхэм тхылъ хьэлъэхэр кърахьэкIыурэ бэлыхь хэтынукъым.

**Профессор**:

- Си щхьэкIэ IэмалитIымкIи сыарэзыщ. Тхылъым и фIыпIэр фIыуэ зыхэсщIащи, зэуэ зым укъикIыу адрейм утехьэныр сфIэтэмэмкъым. Ауэ дэ ди деж щезыгъаджэхэм куэд щIауэ планшетыр яIыгъыу фIэкIа къакIуэркъым, лицензэ зиIэ еджапIэ нэхъыщхьэ псоми хуэдэу, дэри ди студентхэм электрон библиотекэ гъуэтыгъуафIэ къахузэдгъэпэщын хуейуэ ди къалэнщ.

**Музыкант**:

- Электрон тхылъхэр си щхьэкIэ сфIэкъабылщ. Ауэ сабийхэм ар къазэрыхуэгъэсэбэпым ущыгъуазэу, школым щезыгъэсэн зэрыщыIэр пщIэуэ щытын хуейщ. Планшетхэм утехьэжын и пэ къихуэу къэлъытапхъэщ ар адэ-анэм яхуэгъэкъаруунрэ яхуэмыгъэкъаруунрэ.

**УэрэджыIакIуэ**:

- Гъэ къакIуэ си къуэр школым кIуэнущи, дауи, тхылъ хьэлъэхэр кърихьэкIыурэ и бгыр игъэузыну сыхуейтэкъым. Ауэ школым дыщыщIэсым тфIэфIыпсу библиотекэм тхылъхэр къыщытлъыхъуэу зэрыщытар сигу къокIыжри, сыхуейщ си къуэми тхылъымпIэм и IэфIыр зыхищIэну.

● Фэ фщIэрэ?

# Жьыуэ гъуэлъи жьыуэ тэдж

Жьыуэ уи Iуэхур зэфIэбгъэкIрэ угъуэлъыжмэ, пщэдджыжьым нэхъ къэтэджыгъуафIэ хъунщ. Жьырытэджым и Iуэхур нэхъ мэкIуатэ, насыпи къыдокIуэ.

**Зауэм Iухьэмэ, лIыхъужь, губгъуэм ихьэмэ, алъпыжь**

ЦIыху хахуэм, лэжьакIуэшхуэм хужаIэ. Апхуэдэу, мы псалъэжьым гушыIэ мащIэ щIэлъу, цIыху къызэрыгуэкIыр ауан иращIуи хужаIэр.

**Зи мэрамысэ зыхуэмыщIыжыр гъунэгъум жэмыкуэщI макIуэ**

Къызэрыгуэкl лэжьыгъэм хэмызагъэми, цIыхум яхыхьэу нэхъ

Iэзагъышхуэ хэлъу зызыгъэлъэгъуэну хуейм хужаIэ.

**Зи Iуэху нахуэм и нэгу хейщ**

IуэхуфI зиIэм и нэгур зэIухащ, сыту жыпIэмэ абы щIихъумэн, зыщIигъэпщкIун кIэрылъкъым, жыхуиIэщ. Апхуэдэм зэрызимыщIынуи зищIыркъым, езым и теплъэмрэ IэсагъымкIэ къыхощ.

**Зы тхьэрыкъуэф Iэнэ зэдытешхыкIащ**

Губгъуэм зэдитащ, щызэдэлэжьащ, гъэунэхугъуэ ихуащ, жыхуиIэщ. Пэжыныгъэ яку дэлъу, ерыскъыр зэдагъэлъапIэу зы Iэнэ тешхыкIахэм я дзыхь зырагъэзу щытащ.

**Бэрэжьей гущэ ирапIыкIа?**

ЦIыху IуэнтIам, зыдэзышейм хужаIэ. Бэрэжьейр пхъэ нэхъ щабэхэм ящыщщ, абы къыхэщIыкIа гущэр гъэфIагъэ нэщэнэщи, апхуэдэм ирапIыкIар тыншыгъуэм есауэ, дунейм и гугъуехьхэм химыщIыкIыу ялъытэу щытащ.

**Еущий зы махуэщ, хабзэ хьэху махуищщ**

Хабзэ-бзыпхъэхэр и зэманым халъхьэурэ щIамыпIыкIам, ар иужькIэ хабзэу къыхуэщтэжынукъым, жыхуиIэщ.

Жызыlэн мыукIытэр ищIэни укIытэркъым

Псалъэ Iей къызыжьэдэкIам, Iуэху Iейри илэжьыфынущ, жыхуиIэщ.

● Къэхъуа хъыбар

# Зыпэмыплъа насып

ЗэрымыщIэкIэ къэхъум мыхьэнэшхуэ щиIэ щыIэщ. Къарэ Ратмир и интернет напэкIуэцIым къритха мы хъыбар кIэщ цIыкIур сфIэгъэщIэгъуэн хъуащ: «Илъэс зыбжанэ ипэ Санкт-Петербург дыкIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым итха жыгхэр паркым щыхэтсэну. Ди Iуэхур зэфIэкIа нэужь, кхъухьлъатэ билет сымыгъуэтыжу, мафIэгум сыкъитIысхьэжащ. Плацкарт сабэ ущымыбэуэфым сыкъэгубжьауэ сисщ, гъуэгум махуитI тезгъэкIуэдэн хуей зэрыхъуам сризэгуэпу. Зыкъомрэ дыкъэкIуауэ, мафIэгум бзылъхугъэ гуэр къихьэри, си гъунэгъуу къэтIысащ. Дызэпсэлъэн щIэдзэри, цIыхубзыр Зи узыншагъэм сэкъат иIэхэр щеджэ колледжу Санкт-Петербург дэтым и унафэщIу къыщIэкIащ.

ЩикIыжым и цIэ-унэцIэмрэ телефон номерымрэ зытет тхылъымпIэ цIыкIур къызитащ икIи жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ апхуэдэ сабийхэм ядэIэпыкъуну Iэмал зэриIэр, колледжым зэрыщIигъэтIысхьэфынур.

Сэ Налшык сыкъэсыжа нэужь, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ зэбгрезгъэхащ зи узыншагъэм сэкъат иIэхэр Санкт-Петербург колледжым щеджэну Iэмал зэрыщыIэр, гупыж зыщIхэм зыкъыспащIэ зэрыхъунур.

Зы хъыджэбз цIыкIум зыкъыспищIащ, ныкъуэдыгъуагъ зэрыбгъэдэлъым нэмыщIи, адэ-анэ иIэтэкъым ныбжьыщIэм. Ар щIэдгъэтIысхьащ, хъарзынэуи хэзэгъащ.

Ауэ къалэшхуэм и колледжым зэрыщеджаракъым абы и насып къихьар, атIэ къэзылъхуа и анэр Санкт-Петербург къыщигъуэтыжат. МафIэгум зэрымыщIэкIэ сызыщрихьэлIа цIыхубзым и фIыгъэкIэ, зы унагъуэм насып игъуэтыжащ. Алыхь Iэмырщ псори!».

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

# Псалъэзэблэдз




***ЕкIуэкIыу:*** **2**. IуэрыIуатэм узыщрихьэлIэ апхуэдэш узэриIэн: икIи мэлъэтэф, икIи мэпсэлъэф. **3**. ЩхьэкIурахъэ: щIагъуэу емыгупсысу Iуэху гуэрхэм холъадэ. **5**. Зи Iуэ ит нэхърэ зи ... ит. **6**. Iэпслъэпс. **7**. Фадэ фIыуэ щIэзыкIа щIалэжьыр ... - небэу уэрамым къыдэуващ. **9**. Илъэс зытIу зи ныбжь шыщIэ мыгъасэ. **11**. И унафэщIым къыжриIэ закъуэмэ, и хьэр псафэ хуишэнущ. **13**. Совет зэманым щIакхъуэ хужь къыщIэкIырт апхуэдэ ахъшэм. **15**. Адыгэм къахэкI щIэпхъаджащIэхэр нэхъ пасэм абы ирадзэрт. **16**. «Сыт бгъахъэр?» жери и лъэпкъэгъу гуэр къеупщIати, еша-елIауэ хьэсэм хэт вым и бжьакъуэм тес а бадзэжьым жэуапу итаращ: «Довэ». **18**. Пхъэм къыхащIыкI хьэкъущыкъур зэрагъэтэмэм, дзитI зыIут Iэмэпсымэ.

***Къехыу:*** **1**. Апхуэдэ ахъшэ щэхуу ятурэ къулыкъу зэзыгъэгъуэтыр мащIэкъым. **3**. ЩIалэ Iэчлъэчыр ... куцIрэ фо цIынэкIэ япIами ярейщ. **4**. Гъатхэ хъуамэ, уэрамхэм дэт жыгхэм тракIэ, щахуэ. **8**. ..., ..., ... цIыкIу, зи лъэдийхэр псыгъуэ цIыкIу, уэ убзаджэщ, упцIыупсщ. **10**. ... зимыIэм дзажэпкъ иIэщ. **12**. ЩIыIэ хъуамэ, уэс фIэкI умыщIэну, щIылъэм къытохэ. **14**. ИкIи пшынауэ Iэзэщ, икIи уэрэдусщ, Къэбэрдей-Балъкъэрми и цIыхубэ артистщ. **17**. Дзыгъуэм жэнэт щIыналъэу къыщыхъу нартыху хъумапIэ.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ**.

***Мазаем и 8-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

**ЕкIуэкIыу**: **5**. Нэхъэрэ. **6**. Мыщэм. **7**. Уи. **8**. Шу. **10**. Ущие. **11**. ДещIэ. **12**. ЩIынкIэ. **13**. Ихуэр. **14**. Мажьэ. **16**. Из. **18**. Нэ. **19**. КъыпэкIу. **20**. Пэшэгъу.

***Къехыу***: **1**. Жэщищ. **2**. ЩIэфIи. **3**. Емыш. **4**. ФэрыщI. **7**. УещIри. **9**. Удэмэ. **15**. ЖьакIэм. **17**. ЗекIуэ. **18**. Напэ.

Пшыхьхэр



# Бзылъхугъэ гуащІафІэ



**УсакІуэм и псэр**
**Зэи хъуркъым жьы –**
**Ар къалъху усакІуэу...**
**ГъащІэми хокІыж**
**Сабий гу пцІанэу, -**
**Къанэу и лъэужь.**
ЗЭГЪЭЩТОКЪУЭ Людэ

Мы усэ сатырхэр эпиграф хуэхъуащ усакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ, зэдзэкІакІуэ, публицист, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Зэгъэщтокъуэ Людмилэ и ныбжьыр илъэс 75-рэ зэрырикъуам иращІэкІа гуфІэгъуэ пшыхьым. Сыт хуэдэ ІэнатІэ пэрытами, щІыхь иІэу зезыхьэ бзылъхугъэ щыпкъэр иужьрей илъэс 25-м щІигъум щэнхабзэмкІэ методисту лэжьащ, къуажэ, район щІалэгъуалэм я гъэсэныгъэм елІалІэу. 2018 гъэм ягъэуври Бахъсэн щІыналъэм и Щэнхабзэ центрым и методист нэхъыжьу щытащ.

Людэ Аргудан къуажэм 1950 гъэм мазаем и 10-м къыщалъхуащ. Пасэу тхэным гу хуищІащ Зэгъэщтокъуэм, усэ цІыкІухэмкІэ къалэмыр гъэунэхун щІидзэри, иужькІэ очеркхэр, публицистикэ тхыгъэшхуэхэр, пьесэхэр и къалэмыпэм къыпыкІащ. 2002 гъэм къыщыщІэдзауэ ар хэтщ УФ-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм, Лэжьыгъэм и ветеранщ. Абы и дежкІэ гулъытэ нэхъ лъапІэ дыдэр «Къуажэм щІыхь зиІэ и цІыху» къызэрыфІащарщ.

Пшыхьым зыкърагъэхьэлІат Людмилэ и ныбжьэгъухэм, и лэжьэгъухэм, и ІэдакъэщІэкІхэм дихьэххэм, и благъэхэмрэ Іыхьлыхэмрэ. Япэу къэпсэлъапІэр хуит хуащІащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэ Карчаевэ Іэминат.

- Пщыхьэщхьэ дахэу мы пэшым дыкъыщызэхуишэсащ усакІуэ гъуэзэджэ, публицист ІэкІуэлъакІуэ, зи гуащІэр, зи зэчийр ди республикэми гъунэгъу щІыналъэхэми къыщащІэ Зэгъэщтокъуэ Людмилэ. Ди композиторхэм макъамэ щІалъхьащ абы и усэ 70-м щІигъум. УвыпІэфІ щеубыд Людмилэ и гуащІэм адыгэ лъэпкъ щэнхабзэм, бзылъхугъэ усыгъэм. Сынохъуэхъу Щэнхабзэмкіэ министерствэми щэнхабзэм и лэжьакІуэ псоми къабгъэдэкІыу, - жиІащ Карчаевэм икІи зи лІыкІуэ ІуэхущІапІэм къыбгъэдэкІ ЩІыхь тхылъыр иритащ.

Бахъсэн муниципальнэ щІыналъэм и администрацэм и Іэтащхьэ Балъкъыз Артур къыхигъэщащ Людмилэ пщІэшхуэ зэрыхуищІыр, и къуажэгъухэр, и районым щыпсэу цІыхухэр зэригъэлъапІэм, емызэшыжу лъэпкъым зэрыхуэлажьэм, щІэблэр зэриущиийм папщІэ. ДяпэкІи ехъулІэныгъэ иІэну зэригуапэр жиІэщ, ехъуэхъури, зи унафэщІ ІэнатІэм и щІыхь тхылъри иритащ.

КъБР-м ЦІыхухэм я хуитыныгъэр хъумэнымкІэ и уполномоченнэ Зумакулов Борис жиІащ Людмилэ Бахъсэн щІыналъэм и мызакъуэу, республикэ псом зэрейр, зи пашэ ІуэхущІапІэм и район къудамэм и унафэщІым и къуэдзэу куэд щІауэ зэрыщытыр. «Си гуапэу содаІуэ Людмилэ и уэрэдхэм икІи сыщыгъуазэщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр псэун, гъэгъэн, ефІэкІуэн папщІэ хузэфІэкІ псори зэрищІэм», - жиІащ Зумакуловым. УФ-м ЦІыхухэм я хуитыныгъэр хъумэнымкІэ и уполномоченнэ Масляковэ Татьянэ къыбгъэдэкІыу ехъуэхъури, абы и фІыщІэ тхыгъэри иритыжащ Зэгъэщтокъуэм.

- Нобэ дыбогъэбжьыфІэ, дыбогъэлъапІэри, иджыри куэдрэ лъэпкъым узыншэу ухуэлэжьэну Тхьэм жиІэ! ГъащІэ къэзыгъэщІа тхакІуэм нэхъыбэ елъагъу, зэплъэкІыжмэ нэхъыбэм хоплъэжыфри, ахэр зэрызэбгъэзэхуэн гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэ ущымыщІэу упсэуну, уи псалъэ зыщІэлъ уэрэдхэмкІэ, уи Іэдакъэ къыщІэкІа тхылъхэмкІэ дыбгъэгуфІэну ди гуапэщ. Адыгэр къэзыІэту, адэкІэ зыгъэкІуатэу Іэмал куэд щыІэщ, ауэ лъэпкъым къытхуэнэжынур уэ пхуэдэхэм фтхахэрщ, фщІахэращи, фытхуэпсэуну ди гуапэщ. ГъащІэ кІыхь Тхьэм уищІ! – жиІащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий икІи ДАХ-м и дамыгъэр зыщІыгъу ЩІыхь тхылъыр Людмилэ хуигъэфэщащ.

КупщІафІэу, Зэгъэщтокъуэм и гуащІэм хуэгъэза псалъэ гуапэхэри хъуэхъу дахэхэри жаІэу зэІущІэм къыщыпсэлъащ Урысейм и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэу тхыдэдж, философ Бейтыгъуэн Сэфарбий, балъкъэр усакІуэ Дудуев Аскэр (Лермонтовым и цІэр зезыхьэ Урысей комитетым Кулиев Къайсын къызэралъхурэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлІэу къыдигъэкІа юбилей медалыр тыгъэ хуищІащ), «Талант» щІэныгъэ ІуэхущІапІэм урысыбзэмрэ урыс литературэмкІэ и егъэджакІуэ, тхакІуэ Къудей Фаридэ сымэ.

ЗэІущІэм щагъэзэщІащ Зэгъэщтокъуэм и псалъэ зыщІэлъ уэрэдхэр. Ахэр жаІащ ди республикэм и уэрэджыІакІуэхэм, Кавказ Ищхъэрэм и республикэ псоми щІыхь зиІэ я артисткэ Даур Иринэ, уэрэдымкІэ «Кавказ» цІыхубэ ансамблым, Быхъурэ Светланэ зи художественнэ унафэщІ «Радужные нотки» уэрэджыІакІуэ гупым, композитор, продюсер Лу Аслъэн сымэ, нэгъуэщІхэми.

ЦІыхухэм я гукъыдэжымрэ дэрэжэгъуэмрэ хэхъуауэ зэбгрыкІыжащ бэрэжьей пщыхьэщхьэм. Куэд къэнат жамыІэу, Іэджэ иджыри утыку къипхьэ хъунут, ауэ нэхъыщхьэр Людмилэ пэжкІэ къыбгъэдэт цІыхухэр къызэхуэсати, усакІуэр абы игъэинырт, и псэр игъэхуабэрт.

**ИСТЭПАН Залинэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



# Хэт зыІэрыхьэнур дыщэр?



**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм и щІымахуэ чемпионатыр иухыным къэнэжар зы джэгугъуэ закъуэщ. АрщхьэкІэ иджыри наІуэкъым абы и дыщэ медалхэр зыІэрыхьэнур.**

2024 - 2025 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІ футболымкІэ щІымахуэ чемпионатым зэрыщІидзэрэ бжьыпэр зыІыгъ Ислъэмей и «Родник»-м ар иужь дыдэ джэгугъуэм ІэщІэкІынкІэ шынагъуэ щыІэщ. Ар къызыхэкІар, куэдым хуамыгъэфащэу, щэбэтым псыгуэнсудэсхэм щахуэзам очкоитІ зэрафІэкІуэдаращ. Ику иту иджыри къэс я хьэрхуэрэгъухэм топ плІырыплІ яхудэзыгъэкІыурэ нобэм къэса ислъэмейдэсхэм, «Псыгуэнсум» и гъуэр зэ нэхъ мыхъуми хагъэщІэфакъым. КъапэщІэтахэми апхуэдэ къайхъулІэну щІэхъуэпсауи фІэщщІыгъуейщ. Сытми, зэІущІэр иухащ, бжыгъэр къызэІуамыхауэ.

И хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэм очкоитІ фІэкІуэду, чемпионыгъэр къазэрыхуэкъуэплъам игъэгушхуа «Искра»-м и футболистхэм хэти «зэпкъратхъыну» хьэзырт. ЯгъэІэпхъуауэ щытауэ Налшык и «Мурбек ФШ»-м ІущІэну бэрэжьейм къапэщылъым абыхэм ерыщу зыхуагъэхьэзырат. АрщхьэкІэ... я хьэрхуэрэгъухэр къэкІуакъым. Арати, мыджэгухэу, 3:0-у текІуауэ хуатхащ.

Абы ипэжкІэ «Искра»-м «Урыхум» и щхьэр кърагъэІэтакъым икІи и гъуэм жэуапыншэу топибгъу (!) дигъэкІащ. Алътуддэсхэм я пашэ Апажэ Чэрим а зэІущІэм плІэнейрэ къыщыхэжаныкІащ икІи гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щызыІыгъ ХъутІэ Анзор лъэщІыхьэжащ. Псори зэхэту а щІалитІым топ пщыкІущ-пщыкІущ я хьэрхуэрэгъухэм худагъэкІащ. Мыбдежым къыхэгъэщын хуейщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІымахуэ чемпионатым футболист куэд зэрыхэтыр, профессиональнэ командэхэм щыджэгуу. Абыхэм ящыщ зыщ ХъутІэ Анзори. Ар зыхэт Псыхуабэ и «Мэшыкъуэ-КМВ»-м зэхьэзэхуэм зыхуигъэхьэзырыну зэхуэсыжырти, ди щІалэр ираджэжащ, адэкІи мы щІымахуэ чемпионатым хэтыжынукъым. Абы къыхэкІкІэ Апажэ Чэрим Іэмал иІэщ гъуащхьауэхэм я зэпеуэм щытекІуэну, иужь джэгугъуэм зы топ нэхъ мыхъуми щыдигъэкІмэ. ФІэщщІыгъуейщ Бабугент и «Логоваз»-м и пашэ Мокаев Таулан къылъэщІыхьэжыну. Абы дигъэкІар топипщІщ.

Аращи, мазаем и 16-ращ Къэбэрдей-Балъкъэрым 2024 - 2025 гъэхэм я щІымахуэ чемпионатым щытекІуэнур хэтми щызэхэкІынур. Гъэмахуэ зэхьэзэхуэм къыщихьа дыщэр Псынэдахэ и «Родник»-м игъэбэгъуэну хьэмэ Алътуд и «Искра»-м иужь дыдэ зэІущІэм ар къыІэщІихыну? А упщІэм и жэуапыр къыдэзытынур пщэдей щыІэну зэпэщІэтыныгъэхэращ. Дыжьын медалхэм ерыщу щІэбэн Налшык и «Горис»-р псынэдахэдэсхэм яхухэмыгъащІэмэ, чемпионыгъэр яІэщІэкІауэ къэплъытэ хъунущ. Шэч къытезыхьэ щыІэу къыщІэкІынукъым иджыри къэс псоми зыфІахьа Къэрэгъэш и «Иналым» «Искра»-ри зэрытекІуэнум. ЗэрыжаІэщи, деплъынщ!

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм 2024-2025 гъэхэм я щІымахуэ чемпионатым щекІуэкІа иужь зэІущІэхэм иджы щыгъуазэ фыхуэтщІынщ. Мис ахэр: «**Инал**» **(Къэрэгъэш) – «Спартак-Д» (Налшык) - 0:3, «Псыгуэнсу» (Псыгуэнсу) – «Родник» (Псынэдахэ) – 0:0, «Урыху» (Урыху) - «Искра» (Алътуд) – 0:9, «Шагъдий» (Зеикъуэ) –«Мурбек ФШ» (Налшык) – 2:1, «ГорИс» (Налшык) – «Сады Баксана» (Ислъэмей) – 2:0, «Логоваз» (Бабугент) – «Ислъэмей» (Ислъэмей) – 1:4, «Малка» (Малкэ) - «Зэрэгъыж» (Зэрэгъыж) – 7:1.**

Къызэрыхэдгъэщащи, кІэух джэгугъуэр нобэрэ пщэдейрэ зэхэтынущ. А махуэхэм зэІущІэнущ: мазаем и 15-м – «Сады Баксана» - «Малка», «Мурбек ФШ» - «Псыгуэнсу», «Зэрэгъыж» - «Логоваз»; мазаем и 16-м – «Шагъдий» - «Спартак-Д», «Родник» - «ГорИс», «Искра» - «Инал», «Ислъэмей» - «Урыху» командэхэр.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм и щІымахуэ чемпионатыр зэрыщекІуэкІыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФІ. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Родник»** | **12** | **10** | **2** | **0** | **42-5** | **32** |
| **2. «Искра»** | **12** | **10** | **1** | **1** | **38-4** | **31** |
| **3. «Шагъдий»** | **12** | **7** | **2** | **3** | **23-14** | **23** |
| 4. «ГорИс» | 12 | 7 | 2 | 3 | 26-21 | 23 |
| 5. «Малка» | 12 | 6 | 2 | 4 | 28-18 | 20 |
| 6. «Ислъэмей» | 12 | 6 | 1 | 5 | 25-23 | 19 |
| 7. «Сады Баксана» | 12 | 6 | 1 | 5 | 18-20 | 19 |
| 8. «Логоваз» | 12 | 5 | 2 | 5 | 20-26 | 17 |
| 9. «Спартак-Д» | 12 | 4 | 4 | 4 | 22-24 | 16 |
| 10. «Мурбек ФШ» | 12 | 3 | 4 | 5 | 16-23 | 13 |
| 11. «Псыгуэнсу» | 12 | 3 | 3 | 6 | 14-18 | 12 |
| 12. «Урыху» | 12 | 2 | 1 | 9 | 13-32 | 7 |
| 13. «Зэрэгъыж» | 12 | 2 | 1 | 9 | 14-37 | 7 |
| **14. «Инал»** | **12** | **0** | **0** | **12** | **10-44** | **0** |

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм ПИ № ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.413
Заказыр №321

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А